ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№96 (24.066) ● 2020 гъэм шыщкъэуІум (августым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# КІуэкІуэ Казбек Санкт-Петербург щыхуэзащ Густов Сергей

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Санкт-Петербург къалэм щыщхьэуІум и 10-м щыІущІащ «Газпром межрегионгаз» гупым и генеральнэ директор Густов Сергей. ЗэІущІэр нэхъыщхьэу зытеухуауэ щытар унэхэр гъэхуэбэнымкІэ ехьэлІа лэжьыгъэхэр къыззэгъэпэщынымкІэ ищхъэрэ къалащхьэм и Іэщ1агъэлІхэм я зэфІэкІым зыщыгъэгъуэзэнырщ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и лЫкІуэхэм зыщапльыхьащ «Петербургтеплоэнерго» Іуэхущ1апІэм и ухуэныгъэхэм. Компанием и унафэщІ нэхъыщхьэ Петров Владислав хьэщІэхэм кажриІащ 2005 гъэм къыщыщІэдзауэ 2014 пщІондэ абыхэм кьалэм и щЫналъитхум унэхэр гъэхуэбэнымухуэнэтІауэ программэ хэхахэр зэрыщыщэфІагъэкІар. Кьапщтэмэ, зэрагъэпэщыжащ е щІэуэ яухуащ котельнэ 223-рэ, хуабэ зэрыкІуэ бжьамийуэ километр 930-рэ.

Абы и фІыгъэкІэ цІыхухэр хуабэкІэ къызэгъэпэщыныр щыз1эпыу къэхъуакъым, Іэнат1эм хэщІыныгъэу игъэтыр, котельнэхэм гъэсыныпхъэу къагъэсэбэпыр ягъэмэщІэн яхуэзфІэкІащ. ФІамыщкІэ, мазутІкІэ лажьэу щыта котельнэхэр зэрыз1эрахъуэкІам и сэбэп екІащ дыкъэзыуэхъуреихь дунейми. Абыхэм я пІэкІэ мы зэманым къагъэсэбэп щІыуэпс газыр экологие и лъэныкъуэкІэ гъэсыныпхъэ нэхъыфІ дыдэу къалЫытэ.

«Си фІэщ мэхъу дэ къэдгъэсэбэп лэжьэкІащІэхэр Къзбэрдей-Балъкъэрым къикІахэми сэбэп зэрахуэхъунур. Лэжьыгъэм бжыгъэр зи лъабжьэ Іуэху зехьэкІэхэр хэпщэным, шэч хэмылъу, хегъахъуэ жылагъуэр хуабэкІэ къызэгъэпэщыным и фІагъми, и шынагъуэншагъэми. Ат1эми, аращ ди компанием Урысейм и щЫналъэ псоми щызэфІигъэкІ лэжьыгъэм и тегъэщІапІэ нэхъыщхьэр», - къыхигъэщхьэхуКІащ «Газпром межрегионгаз» гупым и генеральнэ директор Густов Сергей.

«Петербургтеплоэнерго» компанием Санкт-Петербург щызэфІигъэкІащ проект гъэщІэгъуэн куэд. Дэ догупсыс а лэжьэкІэр ди щЫналъэм къыщыдгъэсэбэпа зэрыхъунум икІи дыщогугъ «Газпром межрегионгаз» гупым ильэс куэдкІэ дыдэ лэжьэну», - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

КІуэкІуэ Казбекрэ Густов Сергейрэ тепсэлъыхьащ газкІэ къызэгъэпэщыныр зэрыгъэнергетикэ Іэнат1эм зегъэужьыныкІэ республикэм щыІэ Іэмалхэм. 2020 гъэм и щыщхьэуІум ирихьэлІэу республикэм и жылагъуэхэм я процент 96,8-рэ газкІэ къызэгъэпэщащ (Урысейр зэрыщыту къаращтэмэ - процент 70,1-рэщ зэрыхъур). КЪБР-м и къалащхьэм дэт унэхэр хуабэкІэ къызэгъэпэщыным ило1эжь зы сыхьэтым гигакалориеу 657-рэ къэзыгъэсыным котельныгъэ 66-рэ, зы сыхьэтым къигъэсэбэпыр Гкал 381-рэ мэхъу, хуабэ зыгуэш пункт 44-рэ. Хуабэ зэрыкІуэ бжьамийэр километр 275-м щІегъу. Инвестицэ проектым хьыхьэу ирагъэфІэкІуэну я мурадщ котельнэ 18, зэрагъэпэщыжынущ бжьамийуэ километр 75,7-рэ.

КьимыдэкІэ, щЫналъэхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр 2021 - 2025 гъэхэм кьриубыдэу газкІэ, хуабэкІэ къызэгъэпэщыным теухуа программэм.

*КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.*

# «Кабардинка» ансамблыр хэтынущ Москва щекІуэкІыну «Спасскэ чэщанэр» фестивалым

**Москва и Утыку плъыжьым щыщхьэуІум и 28 - фокІадэм и 6-хэм щызэхэтынущ «Спасскэ чэщанэр» дунейпсо дзэ-макъамэ фестивалыр.**

УФ-м Іэщ1экІэ Зэщ1ауэзда и Къарухэм я Дзэ-оркестр къулыкъум и унафэщІ - дзэ дирижёр нэхъыщхьэ, фестивалым и унафэщІ, генерал-майор Маякин Тимофей зэрыжиІэмкІэ, абы кьанэ щымыІэу хэтынущ Урысейм и къарузехьэ къулыкъущІапІэ псоми я оркестрхэр.

- Апхуэдэуи щэнхабзэ зэхьхьэм къедгъэблэгъащ дзэ къулыкъум емыпха гупи - «Кабардинка» къэфакІуэ къэрал академическэ ансамблыр. Фестивалым махуэ кьэс уэрэд щьжиІэнущ УФ-м и цІыхубэ артисткэ Гвердцители Тамарэ, - къыхигъэщащ Маякиным.

*КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.*



# Нобэрэ пщэдейрэ

**Шыщхьэуіум и 13, *махуэку***

**♦Зи Іэ сэмэгур нэхъ зыгъэшэрыуэхэм я дунейпсо махуэщ**

**♦1913 гъэм** Шеффилд (Инджылыз) дунейм щыпэу щагъэващ мыуплий гъущІ лІэужьыгъуэр.

**♦1928 гъэм** Лондон дунейм щыяпэу телевизоркІэ къыщагъэлъагъуэу хуежьащ щхъуэжІэлъпльыкІэу траха нэтыпхэр.

**♦1942 гъэм** Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм фашистхэм я бийуэ пэкІу ирагъэкІуэкІащ.

**♦1961 гъэм** Берлин ухуэн щыщІадзащ кьалэр тІуэр зыгъэш блныр. ГДР-м икІыурэ ФРГ-м Іэпхъуэ цІыхуэхэм я бжыгъэр зы илъэсым нэхърэ кьыкІэлъыкІуэм нэхъыбэ зэрыхъуэ кьыхэкІыу кьрагъэжьат а ухуэныгъэр. Блын-гъунапкъэр щытащ 1989 гъэм щэкІуэгъуэм и 9 пщІондэ.

**♦2004 гъэм** Афины кьалэм (Алыдж) къыщыз1эуащ XXVIII гъэмахуэ Олимп Джэгуэр. Дзюдо спорт лІэужьыгъуэмкІэ зэпеуахэм я бжьмрэ ирагъэжьат а ди республикэм щыщ Тау Хьэсэнбий, КъШР-м икІа Хьрачэ Мурати апхуэдэ дыдэ екъуалІэныгъэ зы1эригъэхьат боксымкІэ.

♦Урыс физиолог цІэрыІуэ **Сеченов Иван** къызэралъхурэ илъэси 191-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Макарова Тамарэ** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Кубэм щыщ политик цІэрыІуэ, 1959 - 2008 гъэхэм а къэралым и унафэщІу щыта **Кастро Фидель** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ **ТхьакІушынэ Нух** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Радиом и диктору илъэс куэдкІэ лажьа, УФ-мрэ КЪБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лжьакІуэ **Безрокъуэ Хужь** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦УэрэджьыакІуэ цІэрыІуэ, КЪБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Бэгъуэтыж Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Мэшыкъуэ Нуралий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ, УФ-м и куэажэ Іэтащхьэ нэхъыфІхэм ящыщу къалъыта **Къуныжь Хьэчим** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм, КЪБР-м, КъШР-м щІыхь зиІэ я артист, оперэнэ уэрэджьыакІуэхэм Пуччини и цІыкІэ Милан (Италие) щрагъэжьІуэкІа зэпеуэм и финалисту щыта **Ташло Алий и** ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Тереховэ Аннэ** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриті1ыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

**Шыщхьэуіум и 14, *мэрем***

♦Абхъазыр зыхъумэу хэкІуэдахэм я фэепльэ махуэщ. 1992 гъэм Куржы-Абхъаз зауэм щІидзащ.

**♦Пакистан Ислъам Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1947 гъэм Пакистаныр къэралыгъуэ щхьэхуит хъуащ.

**♦1908 гъэм** Фолкстон (Инджылыз) дунейм щыяпэу щрагъэкІуэкІащ цІыхубэхэм я нэхъ дахэр къыхэхыным теухуа конкурс.

**♦1917 гъэм** Урысейм и пащтыхь Романов Николай-рэ и унагъуэмрэ Тобольск щыпсэуну гъэІэпхъуэным теухуа унафэ хъищтауэ щытащ ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэм.

**♦1930 гъэм** СССР-м къыщащтащ дэтхэнэ и цІыхуми пэщІэдзэ щІэныгъэ Іэмал имыІэу зригъэгъуэтын зэрыхуейм теухуа унафэ.

**♦1932 гъэм** Москва Союзхэм я унэм и Колоннэ залым цІыхубэ творчествэмкІэ щекІуэкІа зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм етІуанэ увыпІэр щаубыдащ.

**♦1944 гъэм** Владимирскэ, Тюменскэ областхэр къызэрагъэпэщащ.

**♦2010 гъэм** щыщхьэуІум и 14 - 26-хэм Сингапур щекІуэкІащ ныбжьыщІэхэм я І гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэр. Абыхэм хэтащ къэрал 204-м щыщ спортсмен 3531-рэ. УФ-м и командэм медаль 45-рэ кьихьи, а зэхьэзэхуэхэм етІуанэ увыпІэр щиубыдауэ щытащ.

♦Инджылызым щыщ тхакІуэ, драматург, усакІуэ, Нобель и саугъэтым и лауреат **Голсуорси Джон** къызэралъхурэ илъэси 153-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс усакІуэ, тхакІуэ **Дыгъужь Къурмэн** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Тырку Республикэм щылажьэ КАФФЕДЭ зэгухьэныгъэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Джандемир (ГуГъэв) Джихьан** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Іэпщ1эльапщІэ, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Мэстафэ Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс усакІуэ, КЪШР-м, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ я журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэгъэпсэу Увжькъуэ** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Тхьэщыгъуей Жанетэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриті1ыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**ТІакъуэр закъуэ палъэщ, закъуэр щымыІэ пэтъытэщ.**

**● Щэнхабзэ**

# ДАХ-м тхылъыщІэ къыдегъэкІ

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2019 - 2020 гъэхэм «Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ абы и хэкуэгъуэхэмрэ: жылагъуэ зэхущытыкІэм гъунапкъэхэр Іуегъэкіуэт» проект иныр дахэу игъэзэщІащ. Абы папщІэ ДАХ-м къигъэсэбэпащ Урысей Федерацэм и Президентым и грантыр. А пІальэм къриубыдау Урысейм кьикІа ахъшэмкІэ ирагъэкІуэкІа Іуэхугъуэ псори щызэхуэхьэса тхылъ иджыблагъэ «Тетраграф» ООО-м къыщыдэкІащ. Ар зэхигъэуващ ДАХ-м и Іуэхущ1апІэм и унафэщІ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Нанэ Лерэ.**




ТХЫлЪЫМ и пэублэ псалъэм ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий щыжеІэ «Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ абы и хэкуэгъуэхэмрэ: жылагъуэ зэхущытыкІэм гъунапкъэхэр Іуегъэкіуэт» проектым и кьалэн нэхъыщхьэр хамэ къэралхэм щыкъуэха ди лъэпкъэгъуэхэм яхудиІэ пыщІэныгъэр нэхъри гъэбыдэныр, хэкум кьэзыгъэзэжауэ щыпсэухэр Урысей Федерацэм щекІуэкІ гъащІэм хэсхыхьжынымкІэ лэжьыгъэ пыуыкІахэр егъэкІуэкІыныр зэрыарар.

Мы кьыдэкІыгъуэм тхылъэрэ оурэткІэ къыщыгъэлъэгъуэжащ 2019 гъэм и бадзэуэгъуэм щегъэжьауэ 2020 гъэм и мэкъуауэгъуэ пщІондэ зэхуэс 30-м щІигъу ДАХ-м зэрыригъэкІуэкІар, абы Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, Израильм, Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм щыщ ди къуэшхэр, шыпхъуэр зэрыхэтар, хэкум щыпсэухэмрэ еджакІуэ къэкІуахэмрэ сытым дежи къаззрыкъуэтыр.

ДАХ-м гулъытэ хэха хуищІ зэпытщ щІалэгъуалэм анэдэлъхубзэр ящІэу къэгъэзэхъуным, апхуэдэуи хамэ къэралхэм къикІыжахэм урысыбзэрэ адыгэбзэрэ егъащІэным сыт щыгъуи иужь итщ. Апхуэдэуи лъэпкъ хабзэр, тхыдэр, Іуэрыіуатэр хъума хъун, бзэм и Іулыджыр къэІэтыжьын папщІэ Іуэху щхьэпэ куэд иригъэкІуэкІащ, щІэныгъэ-практикэ конференц кьызэригъэпэщащ. Абыхэм ятеухуауэ КЪБР-м, КъШР-м, АР-м щыщ журналист цІэрыІуэхэм я тхыгъэ куэд итщ тхылъым.

А псом хищыпынэмыщІауэ, «Адыгэ хэхэсхэр: щэнхабзэ гъащІэм и тепльэгъуэхэр» фІэщыгъэцІэ зиІэ тхылъыр, «Ди хэкури, ди лъапсэри здэщыІэр мыращ» документальнэ фильмыр дунейм кьытехьащ.

- «Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ абы и хэкуэгъуэхэмрэ: жылагъуэ зэхущытыкІэм гъунапкъэхэр Іуегъэкіуэт» проектым и фІыгъэкІэ акъылэгъу, ныбжьэгъу куэд диІэ хъуащ, ди лэжьыгъэм хэгъэгухэм зыщыубгъуащ, дяпэкІэ зиужь дитын хуейхэри дубзыхуащ. Проектыр гъащІэм хэпща хъунымкІэ дэІэпыкъуэгъу кьытхуэхъуа псоми фІыщІэ яхудощ. Псом хуэмыдэу дыхуэзарэзыщ ди лъэпкъ Іуэхур дэха хъунымкІэ мыпхукІэ зыкъытущІэзыгъэкъуа УФ-м и Президентым и фондым, чэнджэщэгъу кьытхуэхъуа а фондым и лэжьакІуэхэм, - щыжеІэ Сэхъурокъуэм пэублэ псалъэм.

Тхылъыр Іыхьитхуу зэхэтщ, зи гугъу тщІа Іуэхугъуэхэм ятеухуа тхыгъэхэм нэмыщІ, еплІанэ Іыхьэм къыщыхьащ ДАХ-м иригъэкІуэкІа щІэныгъэ-практикэ конференцым къыщыпсэлъахэм я докладхэр.

Дэтхэнэ зэхыхьэми щытраха сурэт щхъуэкІэпльыкІэхэм, ДАХ-м къыхуагъэфащэ тыгъэ лъапІэхэм тхылъыр ягъэдахэ.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ

## Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ Т.7 лІэужьыгъуэм хуэдэ светофорыщІэу 50

**«Фіагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ гъуэгухэм бэІуті1эІу къыщымыхъуныр къыщыззгъэпэщыныр.**

ЛЪЭПКЪ проектым зэрыщыубзыхуам тету, Къзбэрдей-Балъкъэрым и щЫналъэ гъуэгухэм иІэ лъэс зэпрыкІыпІэхэм деж щагъэув Т.7 лІэужьыгъуэм хуэдэ светофорыщІэхэр. А Іэмэсымэхэм тет индикаторхэм, рулым дэсыр лъэс зэпрыкІыпІэм иджыри пэжьжьэми, гу лъагъатэ абдежым щысакъым зэрыхуейм, Іэмал ират машинэм и хуабжьагъыр абы триухуэну, апхуэдэ щЫкІэкІи щынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ. Т.7 светофорхэр уп1эрапІэуэрэ щоферым хъыбар ирагъащІэ и хуабжьагъыр игъэмэщІэн зэрыхуейм кІэ. Ахэр икъуэкІэ сэбэпщ махуэми жэщми. Автомобиль куэд щызэблэкІ щЫналъэм иджырей Іэмэсымэхэр щыгъэувыным хэпщІыкІыу егъэмащІэ гъэугу транспорт къэхъукъащІэхэр.

Республикэм и щЫналъэ псоми я еджапІэхэмрэ зи школ кІуэгъуэ мыхъуа цІыкІухэм щакІалъыплъ Іуэхущ1апІэхэм деж хуэзэ лъэс зекІуапІэ псоми щыфІадзащ щыІэ мардэщІэхэм изагъэ, щІыпІэхэр къызэрагъэнэху уэздыгъэхэр.

КЪБР-м и щЫналъэм псори зэхэту лъэс зэпрыкІыпІэ 50 щащІащ, машинэхэр зэрызекІуэ хуабжьагъыр зэрэмащІэным езыгъуэвапІэ пэнтх цІыкІуэр иІэу, индикаторыщІэхэмкІэ лажьэ светофор щыфІэдзауэ.

Илъэсым и кІэ пщІондэ иджыри ящыну я мурадщ апхуэдэ лъэс зэпрыкІыпІэ 87-рэ.

*КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.*

# Пэщ1эдзэ классхэм щ1эсхэр ерыскъы пщтыркІэ пщ1эншэу ягъэшхэнущ

**2020 гъэм фокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ ерыскъы пщтыркІэ пщІэншэу ягъэшхэнущ Къзбэрдей-Балъкъэрым и школхэм я пэщІэдзэ классхэм щІэсхэр.**

КЪБР-м цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ Анзор зэрыжиІамкІэ, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм иджыри кьэс сабийхэр зэрызыІуэрыуи ерыскъыкІэ къызэрагъэпэщу щытуэр аращ, иджы республикэм и школ псоми я пэщІэдзэ классхэм шэджагъуашхэ пщтыр иратынущ. ЕджапІэхэм къыхуащъхуащ е яІэхэм къыхагъэхъуащ шхапІэхэр зыхуеину унэльащІэхэр, Іэмэпсымэхэр (шэнтхэр, стІолхэр, зэрыпщафІэхэр), языныкъуэ еджапІэхэм абы папщІэ пэшхэр щызэрагъэпэщыжащ икІи шхапІэхэр зыхуеинухэр щІагъуэващ.

Сабийхэр пщІэншэу ягъэшэхэнущ, абы текІуэдэну мылъкур къэралым, щЫналъэм, муниципальнэ зэгухьэныгъэм я бюджетхэм къыхахынущ, къыхигъэщащ Езауэм.

ИлъэскІэ уэзІэбэкІыжмэ, къэрал унафэщІхэм къыхагъэщащэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр сабийхэм пщэдджьыжьышхэ щрагъэщІ Урысей щЫналъэ закъуэу зэрыщытыр.

*КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.*

**● Дифі догъэтвапІэ**

**Мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик Елгъэр Анатолэ. Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщ адыгэлІым хуэзфІэкІар мащІэкъым, абы иригъэджахэр нобэ къэрал куэдым щолажьэ, игъэхъужахэм я бжыгъэр кьэлъытэгъуейщ.**

**Дохутыр Іэзэм, егъэджакІуэ телъыджэм теухуа тхыгъэ мыгувэу ди газетым тетынущ.**

**● Гу зытъытапхъэ**

# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаз

**2020 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр нухащ.**

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - фокІадэм (сентябрым) щыщІэдзауэ ар кьевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.**

**Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 464-рэ кІэпІейкІи 2-рэщ.**

**Ди индексыр П 5894**

# Пэжыр уи гъуазэмэ

**Дунеижьыр къызэригъэщIрэ къызэрекIуэкIыращи, пэжым и гъуэгур дэгъэзеигъуэщ, къыр задэщ, ар къэбгъэIурыщIэн, абы утетын папщIи цIыху къэмылэнджэжу ущытын, лIыгъэ къыпкъуэкIын хуейщ. КъызэринэкIа илъэс 75-м ироплъэжри, Залымджэрий къыхуэщIэжыркъым а гъуэгум дидзыхауэ, и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжын хуэдэу къэлэнджауэ, а пэжым и зэран мызэмытIэу къекIа, пцIымрэ пэжымрэ щызэныкъуэкъу гъащIэм и архъуанэ къибыргъукIхэм Iэджэрэ ягъэкIэрэхъуа пэтми. Абы зэи къыхуихуакъым ищхьэкIэ къытетым и Iуэху зехьэкIэм хэлъ мыхъумыщIагъэм акъылэгъу щыдэхъуа, и уэрэд мышыум щыдежьууа...**

АКЪБАЩ Ипщэм пщIэшхуэ иIэу зы унагъуэ дэсмэ, ФиIэпщэ Хьэмзэт ейр етIуанэт. Уи жагъуэ-уи щIасэми, пщIэ хуумыщIынкIэ Iэмал иIэтэкъым а лIым - езыр Хэку зауэшхуэм хэтат, акъыл зэтес, фIэлIыкI зиIэ цIыхут. И жыIэм, и чэнджэщым нэгъуэщIхэм дерс къыхахыу къедаIуэрт. КъищынэмыщIауэ, езыр щхьэх жыхуэпIэр зымыщIэ лэжьакIуэт. «Уа, Хьэмзэт, уи ныбжьыр здынэсам сыту зэ уемызэшрэ, иджыри къэс щхьэ улажьэрэ?» къыжраIамэ, жэуапу яритырат: «Си къуэшищ зауэм хэкIуэдам я гъащIэр къысхуагъэнащ. Абыхэм я къалэныр згъэзэщIэн, я Iыхьэр згуэшын хуейуэ си боршщ». И сабийхэм я закъуэтэкъым Хьэмзэт къызэфIигъэувэн хуейр, абы къыщыгугъырт и шынэхъыжь фронтым къимыкIыжам и бынхэр, жьы хъуа и щыкъу адэмрэ и щыкъу анэмрэ.

- Ди адэми ди анэми гъащIэшхуэ къагъэщIащ, зэгурыIуам хуэдэу, тIури псэуащ илъэс 99-кIэ, - игу къегъэкIыж Залымджэрий, - ди адэр дунейм щехыжам щыгъуэ, нэгъуэщI щIыпIэхэм Iэпхъуа ди хьэблэдэсу щытахэм, дыуэщIым кърихьэлIахэм, жаIэрат: «Дэ къытхуищIам фIэкIа Хьэмзэт нэгъуэщI псапэ имыIами, и жэнэтыбжэр зэIухащ». Ди адэм хуабжьу и нэ къикIырт щIэныгъэфI диIэу дыкъигъэтэджынуи, къехъулIащ и хъуэпсапIэр - и бынийми щIэныгъэ ищхьэ дгъуэтащ. Нэхъыжьыр, Борис, мэкъумэш институтым и япэ ректору щытащ, абы кIэлъыкIуэ Гришэ курыт еджапIэм и унафэщIу, иужькIэ районом и тхьэмадэу лэжьащ, Музрэк пенсэм кIуэхункIэ Iутащ опытнэ станцым, Заурбэч Ярослав щIыналъэм щыIа колхозхэм ящыщ зым и унафэщIу лэжьащ. Си шыпхъуищ - Аленэ, Светэ, Анфисэ - я гъащIэр школым щахьащ егъэджакIуэу.

Залымджэрий, къуажэ еджапIэр медалкIэ къиухри, Ростов кIуат гъущI гъуэгу транспортым пыщIа институтым, ауэ и кIэн къимыкIыу къигъэзэжри, ди университетым физматымкIэ иIэ и факультетым щIэтIысхьащ. Абы щIэсу даш армэм икIи космонавтхэр зытелъэтыкI Байконур космодромым къулыкъу щищIэну къыхуохуэ.

Армэ гъащIэм нэхъри ипсыхьауэ, и адэжь хэку къегъэзэж Акъбащ щыщ адыгэ щIалэм. Къегъэзэж илъэсищ енкIэ ибгына и жылэжьым, апхуэдизкIэ имылъэгъуа и Iыхьлыхэм, и ныбжьэгъухэм яхуэзэшауэ, и мурадхэр домбейрэ и къэкIуэнум бащэкIэ щыгугъыу. КъокIуэжри, физмат зыщIэсар мыхъуу, инженерхэр щагъэхьэзыр факультетым щIотIысхьэ. Ауэ абыкIи игу мызагъэу, щIолъэIури, Ставрополь дэт мэкъумэш институтым зрегъэдзыж.

Хамэ къалэ щеджа, щIэныгъэфI зиIэ IэщIагъэлIхэр куэд хъуртэкъым 70 гъэхэм. Инженер-механикыу Ставрополь къикIыжа ФиIэпщэ Залымджэрий я жылэм дэт колхозым и инженер нэхъыщхьэу хах. Жэуапышхуэ зыпылъ IэнатIэт ар. ИкIи IэщIагъэлI щIалэм лъэкI къигъэнакъым - и акъылымрэ и щIэныгъэмрэ емыблэжу зэрихьащ дзыхь къыхуащIа лэжьыгъэр. ИлъэситхукIэ а IуэхущIафэр и пщэ дэлъащ Залымджэрий. Абы иужькIэ, я районым щыIэ опытнэ станцым уври, щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу илъэсипщIым щIигъукIэ Iутащ. Къэралым и къутэжыгъуэ лъэхъэнэм, «си зэфIэкIым сеплъыжынщ» жери, бэджэнду щIы къещтэри, елэжьын щIедзэ Залымджэрий. А лъэхъэнэм апхуэдэ лъэбакъуэ зычахэм Iэджэ къахэкIащ зызрапщыта Iуэхур зыхуэмыгъэкъаруува, ауэ сыт хуэдэ лъэпощхьэпо Iумыуами, зиужь ихьа IэнатIэр ФиIэпщэм IэщIыб ищIакъым. Апхуэдэ цIыхутэкъым ар - гугъуехьхэм къагъэшу. ИкIи нобэр къыздэсым зэрехьэ щIыр. Абы IэщIэлъщ вапIэу гектар 18. Чэзууэрэ, гъэ къэс зэрихъуэкIыурэ, нартыху, гуэдз, сое хесэ, хъуэпсэгъуэу зэрехьэ.

Залымджэрий и дуней тетыкIэм, и цIыху хэтыкIэм, и шыфэлIыфэм фIыуэ щыгъуазэщ и щIалэгъуэм ныбжьэгъу къыхуэхъуа, къыдеджа, мэкъумэш IуэхухэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и министру щыта Къущхьэ Iэмырхъан:

- Дыщызэдеджа зэман лъандэрэ, Залымджэрийрэ сэрэ дызэрызэгъэцIыхуащэркъым - гуфIэгъу IуэхукIи, гузэвэгъуэ къытлъыкIуэкIами, дызэрощIэ, дызэкIэлъокIуэ. Зэрысщэкiуэ екIуу, еш имыщIыжу мэлажьэ, и бынунагъуэр зэрипIыжыным, щыIэныгъэм зыхуей хуэзэу зэрызиужьым, абы къытрихьэжу цIыху лэжьакIуэр фIыуэ солъагъу. Апхуэдэр зымылъагъуи щыIэу къыщIэкIынкъым - цIыху лажьэращ дунейр зэтезыIыгъэр. КъимыдэкIэ, пщIэ хуумыщIынкIэ Iэмал имыIэу, си ныбжьэгъур цIыху пэжщ, жьэнахуэщ, зэи укъигъэпцIэнукъым, гъуэгу укъытринэнукъым. Пэжым емыбакъуэ цIыхум и насыпу собж сэ. Мы щIалэм щIэныгъэм нэхъ кууэ зритами, абы хэлъхьэныгъэ гуэр хуищIыфыну къыщIэкIынт, ауэ къыхихар и адэм и гъуэгуращ: щIым сытелэжьыхьынущ жиIэри, и зэфIэкIыр здынэсыр абы наIуэ щыхъуащ. Залымджэрий нэхъыжьри нэхъыщIэри, пщIэ зыхуэфащэри ещIэ, ауэ мобы къулыкъу иIыгъти, мор нэхъыщхьэти жиIэу зигъэшынукъым, и гум илъыр, Iуэхум зэреплъыр утыку кърихьэнущ, ар зыгуэрхэм яфIэфI-яфIэмыфIми. Сэ Тхьэм солъэIу быныфI зыгъэса, гъуэгу пэж тезыгъэува си ныбжьэгъум къигъэщIам хуэдиз иджыри къыхупищэну.

МыхъумыщIагъэр, къуаншагъэр, пцIыр зи псэм темыхуэ лIы гупцIанэр хуэдэгу-хуэнэфкъым нобэ ди къэралым, республикэм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэми, хъыбарыфI зэхихмэ, щогуфIыкI, хъыбар Iей и тхьэкIумэм къиIуэмэ, и щхьэм кърикIуам хуэдэу иронэщхъей. Псом хуэмыдэу, ФиIэпщэм и гур зыгъэузыр колхоз-совхозхэр къутэжа нэужь щIы Iуэхур зыхуэкIуа щытыкIэрщ:

- ЩIы щхьэфэм телъ, гумускIэ зэджэ щIыгулъ фIыцIэр мэкIуэд хуэм-хуэмурэ, - жеIэ абы, - ар сыт къызыхэкIыр? Хозяйствэшхуэхэр къутэжа нэужь, севообороткIэ зэджэ лэжьэкIэр IэщIыб ящIащ. Нэгъуэщу жыпIэмэ, зэкIэлъыпыту хьэсэхэм зы лIэужьыгъуэ трасэурэ щIым и къарур щIокI. Гъавэ щIапIэр пакIэ-пакIэу зэрагуэшрэ апхуэдэ щытыкIэм дыхуэкIуащ. Мис ар диIэщ гузэвэгъуэшхуэу. Ди губгъуэхэм щыщ щIыншхуэ удзыжьым зэщIиштащ, къэкIыгъэхэр Iсраф зыщI хьэпIацIэ къомыр къежьащ. Ахэр ягъэкIуэдын щхьэкIэ гербицид икIи нэгъуэщI щхъухь гуащIэхэр халъхьэ, а псор хьэсэм къыхонэри, гъавэм и къэуатри, и IэфIагъри щIокI. Нэхъапэхэм зы унагъуэ гуэрым щIакхъуэ игъэжьамэ, и мэ IэфIыр къуажэ псом къащIихьэрт, иджы а ерыскъым и мэр кIуэдащ, къыпщIихьэжыркъым. И щхьэусыгъуэр сыт? Гуэдз къэдгъэкIыр зэрыкъэуатыншэрщ, щIакхъуэ къызыхэпщIыкI хъун хьэцэпэцэ къызэрыдэмыхъулIэжырщ. Абы зы Iэмал гуэр къыхуэдмыгупсысмэ, хуабжьу дыхущIегъуэжынущ.

ЕгъэджакIуэу илъэс IэджэкIэ лэжьа и щхьэгъусэ Лусэрэ Залымджэрийрэ зэдапIащ бынищ: къуитIрэ зыпхъурэ. Псори унагъуэ щхьэхуэщ. Нэхъыжьыр, Анзор, дохутырщ, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, Мэзкуу дэсщ, езым ейуэ дзэм щеIэзэ поликлиникэ иIэжу. Абы къыкIэлъыкIуэ Артур адэм и лъагъуэм ирикIуащ - фермерщ, щIыуэ гектар 350-рэ иIыгъыу гъавэ къыщегъэкI, ди зэманым щыIэ технологие пэрытхэр и щIэгъэкъуэну. Зэщхьэгъусэхэм япхъу ФатIимэ дохутырщ, Налшык дэт сабий сымаджэщым щолажьэ.

Сыт нобэ Залымджэрий къару къезытыр, и лъэр щIэзыгъэкIыр, гъащIэр щIэщыгъуэ къыщызыщIыр? И бынхэрщ, ахэр цIыху хуэдэ цIыхуу къызэрыхъуарщ, абыхэм къащIэтаджэ щIэблэрщ:

- Ди адэ мыгъуэм «сабий макъ къызыщIэмыIукI унагъуэр унагъуэ хъурэ сытми» жиIэу щытащ. Ди быным къащIэхъуэжахэрщ дэ иджыпсту гъащIэуи гуфIэгъуэуи диIэр. Махуэшхуэхэм хуагъазэу е илъэсыщIэм ирырагъэхьэлIэу, ахэр ди унэ къыщыщызэхуэсыжым деж, сытым хуэдэу гухэхъуэгъуэ ин къыдатрэ а сабийхэм. Ар псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизщ.

И адэм и щапхъэр и гъуазэу, фIы щIэным и гур, и псэр хузэIухауэ, пцIыIуэпцIышэр, Iужажэр кIэуфIыцIу и бийуэ къогъуэгурыкIуэ иджыблагъэ, шыщхьэуIум и 2-м, зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа къуажэдэс фермерыр - ФиIэпщэ Залымджэрий. И насыпщ апхуэдэ цIыхум. И насыпщ езыри, и бынхэри, къыдалъхуахэри щIэукIытэн лъэбакъуэ пхэнж зэримычам, адыгагъэр, цIыхугъэр IэщIыб имыщIу, хузэфIэкIымкIэ цIыхум сэбэп яхуэхъуу, и щIакхъуэ Iыхьэр хьэлэлу къилэжьыжу, и гъащIэ гъуэгуанэр лIы хуэдэлIу, уехъуэпсэн хуэдэу зэрырихьэкIым къыхэкIыу.

**МЫЗ Ахьмэд.**

• Юбилей

# Сэбаншы Розэ и махуэ лъапIэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрыр ефIэкIуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, хуэфащэу республикэм и нэхъыжь жьантIэр зылъыса Сэбаншы Розэ Къаншумас и пхъум и илъэс 90-р егъэлъапIэ.**

СЭБАНШЫ Розэ 1930 гъэм Тэрч къыщалъхуащ. Лэжьэн щыщIидзар Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ IуэхущIапIэрщ - КъБР-м и МВД-м. 1951 - 1953 гъэхэм хъыджэбзыр щылэжьащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и комсомол комитетым, 1953 гъэм ар Налшык къалэ и комсомол комитетым и етIуанэ секретару хахащ.

1954 гъэм Сэбаншы Розэ Бжьэдыгъукъалэ (Краснодар) дэт парт школым еджакIуэ ягъакIуэ. Ар къиуха нэужь, КПСС-м и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэм инструктору щолажьэ.

1959 гъэм Розэ КъБКъУ-м и тхыдэ факультетыр къиухащ. 1960 - 1963 гъэхэм ар лэжьащ КъБР-м и ВЛКСМ-м и обкомым и япэ секретару. 1963 гъэм щегъэжьауэ пенсэм кIуэху Розэ республикэм и профсоюз IуэхущIапIэм и унафэщIу щытащ. 1987 гъэм щегъэжьауэ абы къыхэхъуащ республикэм тхылъ фIыуэ щызылъагъухэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI къалэныр.

Розэ сыт хуэдэ зэмани ди щIыналъэм щекIуэкI Iуэху щхьэпэхэм щыжыджэру къекIуэкIащ. Зэкъым, тIэукъым ар дунейпсо утыку ди хэкум и цIэкIэ зэрихьар.

Бзылъхугъэ гуащIафIэм и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэу къэплъытэ хъунущ абы 1993 гъэм «Горянка» газетыр езым къызэригъэпэщу и редактор нэхъыщхьи зэрыхъужар. Нобэр къыздэсым абы и напэкIуэцIхэм республикэм исхэр щызэдогуашэ унагъуэ зехьэкIэм, сабий пIыным, цIыху хэтыкIэм, гъэсэныгъэм теухуа гупсысэ щхьэпэхэмкIэ.

Сэбаншы Розэ и ехъулIэныгъэхэм къыпэкIуащ абы къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэри. Республикэм бзылъхугъэ куэд ис къыщIэкIынкъым «ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь» ордени «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденитIи кърагауэ. Абыхэм къакIэлъыкIуащ медалхэр, цIэ лъапIэхэр, саугъэтхэр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, Розэ цIыхухэм фIыуэ къалъагъу.

Лъэпкъым и жьантIэм хуэфащэу дэс гуащэ нэхъыжьым гурэ псэкIэ ехъуэхъу республикэ цIыхубэм ядэщIыгъущ «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэри. Илъэсищэр зыгъэлъэпIэн Тхьэм ищI!

# Бешто Зэкий и адыгэ хьэпшыпхэр

• Гъуазджэ

**Ди лъэпкъым и тхыпхъэщIыпхъэ гъуазджэр илъэс мин куэдым къапхыкIащ. Гъуаплъэм, гъущIым, бдзапцIэм, дыжьыным, дыщэм, фэм, пхъэм тхыпхъэ телъыджэхэр тращIэрт, къыхащIыкIырт. А IэщIагъэм ноби ирилажьэ, хамэ щIыпIэ куэдым къыщацIыху IэщIагъэлI щэджащэхэр диIэщ. Зи гугъу сщIыр хэкурысхэращ. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм къыпхалъхьэ гушхуэныгъэм и инагъыр къэлъытэгъуейщ. Лъэпкъ IэщIагъэжьхэр мухьэжырхэм я щIэблэм къыщагъэIурыщIэм деж щэ?! ПсалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ абы къыуит гурыщIэр. Псэм щыщ Iыхьэ гуэр хамэ щIыпIэ ущыщрихьэлIэкIэ зыхэпщIэ гуапагъэр пщалъэ гуэркIэ къыпхуэлъытэнукъым.**

Бешто Зэкийрэ НэщIэпыджэ Замирэрэ.

АПХУЭДЭ гурыщIэ къызитащ Тыркум щызэзгъэцIыхуа модельер-дизайнер цIэрыIуэ, зи Iэпэм дыщэ къыпыщ, дыщэми, дыжьынми, фэми, щэкIми адыгэ хьэпшып дэгъуэхэр къыхэзыщIыкI, адыгэм и цIэр зыIэт, и пщIэр зыгъэлъагэ, сыт хуэдэ лъэпкъ Iуэхуми хуэIэкIуэлъакIуэ, зи анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэ, усэбзэм зи къалэмыр хуэжан, IуэхурыIуатэм кууууэ хэзыщIыкI Бешто Зэкий и творчествэм. Истамбыл зы пщыхьэщхьэ дыщызэбгъэдэсати, телъыджэ сщыхъуащ: абы и Iэм имыщI, адыгэ теплъэ зримытыф зы хьэпшыпи щыIэкъым. Ахэр и щхьэ, и унагъуэ щхьэкIэ къигъэсэбэпыжым и закъуэкъым, Зэкий талантышхуэ зыбгъэдэлъ модельеру къэрал куэдым къыщацIыху, зыми щымыгъхэр ирагъэщIу, гъуазджэм, щэнхабзэм хэт цIыху цIэрыIуэ куэд къыкIэлъокIуэ. ЖыIэни хуейкъым абы щыгъ джани, гъуэншэджи, кIэстуми, вакъи, бгырыпхи езым и IэкIэ зэрищIыжар, абыхэм Бештохэ я лъэпкъ дамыгъэр екIурэ дахэу зэрыхилъхьэфар.

Зи IэрыкIхэр къэрал куэдым щызэбграх цIыху щэджащэм бгъэдэлъ зэчийр плъыфэбзу зэтопщIыкI. Аращ абы и IэдакъэщIэкIхэр щIэщыгъуэ зыщIыр, и щхьэр зыгъэлъапIэр. Iэмал гъэщIэгъуэн къыщегъэсэбэп абы и лэжьыгъэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зы унэтIыныгъэ къыхихыу абы тету аракъым. Адыгэгу зыкIуэцIылъ цIыхухъум дежкIэ лъапIэщ къызыхэкIа лъэпкъыр, абы и къекIуэкIыкIар. Куэдым къацIыху модельер Iэзэм дежкIэ нэхъапэщ нобэ цIыхухэм я зэхэтыкIэр, зыхуэпэкIэр, гупсысэкIэр. Мис а зыкIи зэмыкIуалIэ IуэхугъуитIыр зэрипхыу телъыджэу дунейм къытезыгъэхьэ IэщIагъэлIым и творчествэр гъунапкъэншэщ. И лъэпкъым папщIэ зи псэр зытыну хьэзыр Зэкий иукъуэдийркъым адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэр дуней псом зэрахьэн хуейуэ, апхуэдэ дыдэуи нобэ цIыхухэм ягу ирихьыр мыращ жиIэу, купщIэ зимыIэ, гупсысэ зыщIэмылъ хьэпшып къигъэщIыркъым. Абы ипкъ иткIэ, щэнхабзэ лъагэр зи дуней цIыхум ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къыдекIуэкI хьэпшыпхэмрэ абыхэм я теплъэмрэ нобэрей гъащIэм зэрекIуным хуэдэу хепщэф. Ахэр цIыхухэм щIызэбграхым, щIыпIэ куэдым щыщхэр къызэрыщIэупщIэм и щэхур къэщIэгъуейкъым: и гури и псэри етауэ къыхиха IэщIагъэм пэрыт щIалэм и Iэдакъэм къыщIэкI псоми и лъэпкъ гупсысэмрэ и псэ Iыхьэмрэ хелъхьэфри, ар къару нэрымылъагъу хуохъу.

- Псом нэхърэ нэхъыбэу сыдэзыхьэхыр, си гулъытэр зыхухэсхыр адыгэ, дунейпсо щэнхабзэм щIэуэ къыхыхьахэрщ, ижь-ижьыж лъандэрэ си лъэпкъым зэрихьа Iэщэ-фащэмрэ хьэпшыпхэмрэщ, - къыддогуашэ Зэкий. - А псори «модэкIэ» зэджэ пщалъэм изгъэзэгъэфыныр аращ си къалэн нэхъыщхьэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дунейм къэралыгъуэу тетым ягу ирихьу щатIэгъэн хуэдэу сщIын хуейщ зиужь ситыр, абы щыгъуэми адыгэ щэнхабзэм ижь къызэрыщIихуар къапщIэу, зэ Iуплъэгъуэкiэ цIыхум гу лъитэу щытын хуейщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, зи фIагъыр лъагэ фэм къыхэщIыкIа вакъэм шым пщIэхалъхьэ шхуэр къытещынкIэ мэхъу, е уанэр цIыхубз щыгъын гуэрым дэплъагъункIэ хъунщ.

Ар Iэмал хъарзынэу къысщохъу ди лъэпкъыр адрей къомым къегъэцIыхунымкIэ. Уи щхьэм, уи лъэпкъым, уи лъахэм я закъуэ утелажьэкIэ, уи хъыбар зыми зэхихынукъым, зыми укъицIыхунукъым. Ауэ уи хьэпшыпхэмрэ къыбдекIуэкI хабзэмрэ Iэмал гуэрхэр къэбгъэсэбэпрэ утыку къипхьэмэ, хамэхэр кърндэпхьэхыфмэ, мис итIанэ уи Iуэху къикIынущ, уи щэнхабзэми нэхъ зиужьынущ, уи цIэри нэхъ жыжьэ Iунущ. Аращ модэмрэ адыгэ Iуэхумрэ зы щIэсщIар.

Зэкий дуней псом къызэрацIыху и IэщIагъэм зэрыцIыкIурэ дехьэх. ЩIалэщIэу щыщытам и щыгъынхэм ящыщ зыгуэр къэтIэпIамэ, и анэм зыхуигъазэртэкъым, атIэ езым идыжырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къежьа хъуащ дэнбзэным зэрыдихьэхар. ЦIыхухэм щыгъынхэр яхуиду хъуа нэужь, ар зигу ирихьыр куэдти, абыхэм трагъэгушхуэурэ фэилъхьэгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, вакъэхэр, къэлътмакъхэр, бгырыпххэр, бохъшэхэр (цIыхухъухэми цIыхубзхэми яйуэ), нэгъуэщI куэди ищIу щIидзащ.

ГъэщIэгъуэнщ Зэкий и лэжьыгъэм зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэр. Хьэпшыпыр занщIэу етIысылIэу ищIу аракъым абы. АтIэ IэпщIэлъапщIагъэм и мызакъуэу, зэчий зэрыбгъэдэлъым къыхэкIыкIэ, япэщIыкIэ «шыпсэ» зэхелъхьэ, иужькIэ абы нэхъ екIуну щэкIхэкIыр е фэхэкIыр къегъуэт, итIанэ абы трищIэну тхыпхъэр къегупсыс, апхуэдэурэ зэи зыми имылъэгъуа щыгъын телъыджэ дунейм къытохьэ. Абы и закъуэ?

- Дуней псом щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэ, артист куэдым утыку къызэрихьэну щыгъынхэр яхуэсщIащ сэ, - къыддогуашэ адэкIэ Бешто. - Езым фIэкIа нэгъуэщIым зыми щымыгъ вакъэхэр, фэилъхьэгъуэхэр куэдым яIэщ, ар адрей псоми къащхьэщегъэкI, зэрыжысIащи, адыгэ теплъэ зэриIэм. Ауэ мыпхуэдэ зы хьэли сиIэщ, цIыху гуэрым хьэпшып щызигъэщIым деж и теплъэр слъагъун, и псэлъэкIэр зэхэсхын, и гупсысэкIэр Iэмал имыIэу зэзгъэцIыхун хуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а псори хызолъытэ сэ сызыпэрыт лэжьыгъэм. ИтIанэ а цIыхум хуэсщIар игуми и псэми дыхьэ мэхъу, зыхилъхьэ щымыIэу зэрехьэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, сэ блажьэурэ хыфIэбдзэжын щыгъын сщIыркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хьэпшыпым и нэхъыбэр IэкIэ сощI, машинэ къыщызгъэсэбэпыр зэзэмызэххэщ, апхуэдэуи си псэм щыщ Iыхьэрэ ар зейм и хьэлрэ дыщIызогъу.

А псом къадэкIуэу Бешто Зэкий и IэщIагъэм лъабжьэ хуэхъур адыгэ щэнхабзэращ. Модэр къигъэсэбэпурэ, адыгэм и цIэр щIыпIэ куэдым щызэхригъэхыну аращ зыпылъыр. И щхьэм ахъшэ къыхуилэжьыж мыхъуу, адыгэ зыхэщIыкI зиIэ, адыгэгу зыкIуэцIылъ щIалэм и лъэпкъ щIыхьыр япэ ирегъэщ. Абы и хъуэпсапIэщ и IэщIагъэм ирилажьэу хэкум исхэр зригъэцIыхуну, абыхэм ядэлэжьэну. Апхуэдэуи зыхунэмыса Iуэхухэмрэ и щхьэм илъ гупсысэхэмрэ куэдщи, и къалэным хуэмыщхьэхыу, жыджэру и Iуэху иужь итщ. АтIэми сытым дежи дэпыншэу къызэщIэплъэ гурыщIэ иIэщи, абы иригъэтIысэхыркъым, блэкIам къыщыхъуа мыгъуагъэхэр ди нобэм зэрыщигъэзэкIуэжыным и къарур етащ.

- Си IэщIагъэм, зэфIэкIым си закъуэ насыпыфIэ сищIкIэ зэфIэкIынукъым, - жеIэ абы. - Ар лъэпкъ псо Iуэхуу зэрыщытыр, сэ сщIэм сыкъызыхэкIахэм яфI зыхэлъ гуэр къыдэкIуэн зэрыхуейм срителъхьэщ. ДунеймщекIуэкIа зауэжьхэм я нэхъ гуащIэм тхьэмыщкIэ ищIа лъэпкъхэм дащыщщ дэ. Дуней псом дыщызэбгрыпхъауэ допсэу, хэкурысхэр мащIэрэ, нэхъыбэр хамэщIхэм ипхъауэ. Мис апхуэдэ лей къызытехьа ди лъэпкъым сыдэIэпыкъуну сыхуейщ. Си щхьэ закъуэкIэ а псори зэрызэзмышэлIэжыфынур фIыуэ къызгурыIуэ, ауэ си IэдакъэщIэкIхэмкIэ нэхъ зэпэгъунэгъу схуэщIыну пIэрэ, хамэ щIыпIэхэм щыхэхэс адыгэхэр гурэ псэкIэ зэрызгъэщIэфыну пIэрэ, жысIэу согупсыс.

«ЦIыхум сыадыгэщ жиIэу дэткIэ, ар адыгэ хъунукъым, псом нэхърэ нэхъыщхьэр адыгэбзэр пIурылъынырщ. Ар пфIэкIуэдмэ, зыри уимыIэжу аращ», - жеIэ Зэкий. Езым Iурылъ адыгэбзэм и беягъыр щызгъэщIагъуэм жиIащ, ирипсалъэ къудей мыхъуу, усэхэр зэрыритхыр. «Си усэхэр зытеухуам укъыщIэупщIэмэ, мыпхуэдэу бжесIэнущ: сэ си IэрыкI щыгъынхэм усэ яхуэзотх, хьэпшыпу сщIам усэ яIэщ».

Апхуэдиз къаруурэ зэчийрэ зрихьэлIэ щыгъынхэр, дауи, адрейхэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ, ауэ апхуэдэ нэгъуэщI щIыпIэ ущрихьэлIэнукъым, уи хьэлым, уи дуней тетыкIэм ещхьу зы тыкуэни къыщыпхуэхъынукъым.

УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым Бешто Зэкий и творчествэм и куууагъымрэ и къарум и инагъымрэ. Ар си мызакъуэу куэдым ягъэщIагъуэ, и цIыхугъэхэми лэжьыгъэ IуэхукIэ къыкIэлъыкIуэхэми. Езым а псор Тхьэм къыбгъэдилъхьауэ къелъытэри, мыпхуэдэ зы хъыбар цIыкIуи ди псалъэмакъым и кIэухыу къыхелъхьэ:

- Тыркухэм мыпхуэдэ зы нэщэнэ яIэщ: «МелыIычыр уафэм къохри, и кумбыгъэм итым щыщ цIыхухэм яхуегуэш – хэт бжэмышхкIэ, хэт шынакъжьейкIэ». Иджы ар си щхьэ изохьэлIэри срогушыIэ, а мелыIычыр джэгу кIуэну пIащIэрт, игуэшыху гувэнути, сэ къыщызихьэлIам кумбыгъэм итыр псори къызитри, игуэша хуэдэу дэкIуеижащ, - мэдыхьэшх Зэкий.

Пэж дыдэу лъэпкъым къыдекIуэкI фIыгъэу мылъытэхэр уи IэрыкIыу, уи анэдэлъхубзэр пщIэжу, уи хабзэр зепхьэжу, уи цIэр дуней псом щаIуатэрэ фIыуэ плъагъу IэщIагъэр уи Iэпэгъуу упсэуныр Тхьэм къыббгъэдилъхьэ насыпышхуэщ.

Бешто Зэкий Тхьэр къызэрыхуэупсахэм ящыщщ мылъку къызыхих, и псэр зыгъэтыншу, и дунейр зыгъэдахэ IэщIагъэ зэриIэр. Истамбыл дыщызэхуззам и мурадхэм я нэхъыщхьэм сыщыщIэупщIэм, абы къызжиIат и IэдакъэщIэкIхэр Налшык щигъэлъэгъуэну зэрихъуэпсапIэр, хэкужьым исхэр зригъэцIыхуным зэрыхуэпабгъэр. Ари зригъэхулIащ Бештом, илъэс зыбжанэ дэкIа нэужь. ЦIыху куэдым яфIэтелъыджэу Зэкий и гъэлъэгъуэныгъэ щекIуэкIауэ щытащ Налшык къалэ дэт Сэралъпхэ я уардэунэм.

Абы щагъэуват пхъэм къыхэщIыкIа шы лъагэ, и пкъыр тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ гъэщIэгъуэну гъэдэхауэ. Псом хуэмыдэу узыIэпашэрт щэкI бзыхьэхуэ цIыкIухэм къыхэщIыкIауэ шым и теплъэр къызытещ сурэтхэм. Лъэпкъ дамыгъэхэми увыпIэ хэха щауболащ Зэкий и гъэлъэгъуэныгъэм. Апхуэдэуи Бештом Налшык утыку къыщрихьащ бзылъхугъэм зэрызигъэдахэ хьэпшыпхэр - IэлъынхэрIэпщэхъухэр, вакъэхэмрэ чысэхэмрэ, дэтхэнэми екIупс адыгэ нагъыщэхэр якIэрылъу.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэрати, абы и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIми и лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэр щынэрылъагъут, и IэпщIэлъапщIагъэм псэ зэрыхэтыр зыхэпщIэрт.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Хэгъэгухэм щылажьэ журналист нэхъыфIхэр къыхах

• Хъыбар гуапэ

**Мы махуэхэм къагъэнэIуащ ОНФ-м и «Пэжымрэ захуагъэмрэ» фондым и жылагъуэ советым иригъэкIуэкIа, журналист лэжьыгъэхэмкIэ VI урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэр.**

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, «Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь, ди лэжьэгъу Абидокъуэ (Щохъужь) Лусанэ иджы етIуанэу (2017, 2019 гъгъ.) текIуэныгъэр къыщихьащ а зэпеуэм.

IыхьитIу екIуэкIа урысейпсо зэпеуэм и лауреат хъуащ хэгъэгухэм щылажьэ журналист 437-рэ. Абыхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэ жанрым елъытауэ сом мини 100 зырыз (хъыбарыщIэ репортаж) е сом мин 200 зырыз (репортажкъэхутэныгъэ щхьэхуэ) иратынущ. Лусанэ республикэм ис цIыхухэр зыгъэпIейтей зы Iуэху иужь ихьэри, гугъуехьым и лъабжьэм деж щегъэжьауэ хэкIыпIэхэри хэтыжу зэпкърихащ.

Урысейм и хэгъэгу 85-м щыщу журналист минитIым лэжьыгъэ 6327-рэ ирагъэхьащ зэхьэзэхуэм. Ахэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъумрэ Iулъхьэ зэIэпыхыным и Iуэхумрэщ. КъищынэмыщIауэ, 2020 гъэм иджыри зы унэтIыныгъэщIэ къыхыхьауэ жыпIэ хъунущ: «ОНФ: дэIэпыкъуныгъэ щыхуэныкъуэ щIыпIэм дэ дыщыIэщ». Жылагъуэ фронтым хэт цIыху жыджэрхэр зыхыхьа Iуэху куэд зэфIэха хъуащ икIи абы IэщIагъэлIхэр тетхыхьащ мы гъэм.

Ди лэжьэгъу бзылъхугъэ цIыкIум дохъуэхъу и насып нэхъыбэ хъуну, и IэщIагъэм и хъер куэд илъагъуну, и зэфIэкIхэмкIэ иджыри дигъэгушхуэну.

**ШЫПШ Даянэ.**

Абидокъуэ Лусанэ

*Адыгэ литературэм и классик Іутіыж Борис къызэралъхьэ илъэс 80 ирокъу жэпуэгъуэм и 15-м. Абы ирихьэлІэу тхакІуэ цІэрыІуэм и Іэдакъэщ Іэкі нэхьыфІхэм ящыщхэр, абы теухуауэ къытхуатха гукъэкІыж гуапэхэр тедзэн щІыдодзэ.*

*Нобэрей къыдэкІыгъуэм къытехуэ «ГущІагъщІэлъхэр» тхылъеджэхэм фІы дыдэу ялъэгъуащ, сыту жыпІэмэ, а тхыгъэ кІэщІхэм гупсысэ куу, гъэсэныгъэ мыхьэнэ зыщІэлъ теплъэгъуэ е зэпыщІэзыгъэгупсысыкъ Іузхугъуэхэр лъабжьэ яхуищІащ Іутіыжьым.*

**● Іутіыж Борис и гущІагъщІэлъхэр**

# Адыгэбзэ ныкъэ фІэкІа зымыщІэ уи быным и быным адыгэбзэ щІагъуэ ищІэнукъым, абы и быныжым адыгэбзэ ищІэжыххэнукъым

80

ЦІЫХУ псоми зы щІэин ІэфІ дыдэ дунейм къытранэ: зыри зыщІэмыкІ ажалыр ешы блэІэбыкІыну къыщІзыгъэхъу гугъэ нэпцІыр.

ЗЫГУЭР джэгукІейуэ мэджэгу. Нэхэм къаухэмылъагъу зы шынагъуэ гуэр. Мэджэгу сэркІэ. УэркІэ. ДэркІэ... А куэзырджэгушхуэм щыізэбладз цІыхухуэзырхэм ящыщ дзтхэнэми нэхъ хьэузсапІэ ин дыдэу иІэр зыщ: щІэхуэ туэ хьуныр. Ауэ щІэхуэ туэри - куэзырщ. ИмыукІыфІ куэзыр щымыІэ щхьэкІэ, ари джэгуакІуэ шынагъуэм и Іэмыщ Іэр зи лъэхъуущхэм языхэз къудейуэ аращ.

ПСАЛЪЭ пхъашэхэм дунейр ягъэхьащІэ. Илъэс мин бжыгъэкІэрэ зэхэдудзэлъхьа псалъэ пхъашэжьхэм. Абыхэм ящыщ дзтхэнэми кІуэцІысщ цІыхухэр дызыщІыужа гуапагэр, пэжагъэр. Дунейр зыгъэсысурэ зыкъутэжьпэнкІэ хъуну псалъэ пхъашэжьхэм дакъезыІэлыфІыну псори... Насып диІэмэ, ахэр къытхуэуткІэнщІынщ, дызэрымыухупІэ щІыкІэ.

ЦІЫХУР илъэс мин бжыгъэкІэрэ иригушхуащ езым хуэдэм зэрыплъэщыщ. Езым хуэдэр зэрыхуэгъэгулъэщ. Зэрыхуэгъэгъэвэм... Ауэ иджы хуэдэу цІыхум и нэвагъуэр зэи хишауэ къыщІэкІынукъым гуэзвэгъуэм. Гулъэщм и закъуэкъым нобэ абы зи ажал кІыщыр. КъидыхьэшхыкІыу абы кІыуващ зыгъэгулъэщм и ажалри.

ПАСЭРЕЙМ я жьІауэ, дунейр гъуэрыгъуэ щэнтщ. Щабэр и мащІэрэ гъурыр и куэду щэнт абрагъущ. Дыгъуэгыпэ дытотІысхьэ, дызэрызекъуэу дытоери, псэхупІэ дымыгъуэт щыкІэ дыкъагъэтэджьыж... Псоми дгъуэтыжьр а зы кІыфІыгъэщ. ГъурпІэм тесами. ЩабапІэм хэсами.

ТХЬЭМ и пщІэмрэ и щІыхьымрэ япэ дыдэу зыщрапщітар абы цІэ унейхэр фІащу щІадза нэужькІэщ... Тхьэм цІэ уней иІэнкІэ Іэмал иІэкъым. Ар - псо зыІут псоми зздайщ. Адыгэми. Урысми. ХъэрпІми. Японми. Махъшэми. Шыми. Хьэми. ХъумпІэщІэджми... А гупсысэр хьэкъ зыщыгтщІу зы Тхьэм и щІагъ псори дызэрыщІэтыр къабыл тщІыхьуху, ди гъащІэр нэщІэбжьэ щыщІэнукъым.

ДунейР зэрыкъутэжьнум теухуа трагедием цІыху цІыкІыр илъэс мин бжыгъэкІэрэ щагъэджэгащ. Дэрауэ жаІэ абы и финалыр зыгъэзэщІэнур. Ауэ акТёркъым а финалыр зыхуейр. Жьагъэщ. Джэгу лъэпкъ хэмылъу Ажалым зыІуридзэн жьагъэ бжыгъэнщэ...

ЩІАЛЭГЪУЭР пкъым хэкІа нэужькІи, псэм кІыхэзэу къыщІэкІынущ. Ар жьыгъэм и нэхэм кІьащІопс, гъэрмащэ кІыфІым кІих ЫуэпсыкІ цІыхум ещхьу.

НАПИТІХЭР гъащІэм и сыт хуэдэ зэхъуэжьІыныгъэми къол. Апхуэдэхэм ящыщу нэхъ хьащІхьэвІлъэ дыдэми кІыэдрехьэкІ напэ нэпці щІэрпс. Дэ тхуэдэ хъарыпхэр къырирІгапцІэрэ иужькІэ зэІуихьжу.

ГъАЩІЭР хьэдащІолъхэ мыухьжьым къыхэгуфІыкІ сабийщ.

ДТХЭНЭ цІыхугури езым и Помпей щыгъэнпщкІуа къхъэлъащ. Ахэр къызэІуахьфамэ, ялъагъуэт игъуэ нэмысу кІуэда къъэпсалІэхэм я хьэдэ бжьгъэнщэхэр.

ДУНЕЙР зэхокъутэ. Зэхощащэ. Пэжымрэ пцІымрэ я гъунапкъэ илъэс мин бжыгъэкІэрэ яубзыхуахэр зэхоэзрыхьыж. ХьэщхьэвІлъэхэр, нэжьгъущІдзэхэр, алмэстыхэр ди гъащІэм куэдкІейуэ кІыхьохэ. Шынагъуэ дыдэращи, - цІыху теплъэ яІэрэ бегъымбар нэкІу нэпцІхэр яІулъу.

ДУНЕЙР зызущхуэ щэху защІэу зэІыльщ. УщызэкІэщІэпІлъу къэтхута къытфІэщІыж мы дунеижьыр. Дэ дымыщІэр а щэхуэхэм тщащэхуэхэм я закъуэкъым. Дэ, ди насыпщи, ахэр зэрыдмыщІэри тщІэжьрыкъым.

СЫТ МЫ дунеижьым нэхъ лъапІэу тетыр? ГукъэкІыжхэр. Ахэращ ди махуэ нэхъ гугъу дыдэхэм дежи дэ дыкъэзымыбгынэр.

ЦІЫХУХЭМ зэпэдубыд къомым тепщІыхьмэ, къыпфІэщІынщ илъэс мин бжыгъэкІэ дызэщІыгъун хуейуэ къалэн къытщащІа. Абы щыгъуэми дэ пІалъэ кІэщІ дыдэкІэ мыбы дыщызэІуащІэуэ аращ. Мы дунейр хьэхуэм. Зэи зэхуэмызэжьнуэр щызэбгрыльэтыкІ аэропорт дахащэм.

МЫ ДУНЕИЖЬЫР зэпІыхьрэ зэ фІыуэ зыщыдыхьэшхыжьмэ, балигъ ныбжь ивуауэ къэпльэтэ хъунут. Армырмэ шынагъуэщ ар игъуэнэмысу къэкъутэжьнкІэ.

ЦІЫХУР илъэс мин бжыгъэкІэрэ иригушхуащ езым хуэдэм зэрыплъэщыщ. Езым хуэдэр зэрыхуэгъэгулъэзым. Зэрыхуэгъэзавэм... Ауэ иджы хуэдэу цІыхум и нэвагъуэр зэи хишауэ къыщІэкІынукъым гуэзвэгъуэм. Гулъэщм и закъуэкъым нобэ абы зи ажал кІыщыр. КъидыхьэшхыкІыу абы кІиуващ зыгъэгулъэщм и ажалри.

ПАСЭРЕЙМ я жьІауэ, дунейр гъуэрыгъуэ щэнтщ. Щабэр и мащІэрэ гъурыр и куэду щэнт абрагъущ. Дыгъуэгыпэ дытотІысхьэ, дызэрызекъуэу дытоери, псэхупІэ дымыгъуэт щыкІэ дыкъагъэтэджьыж... Псоми дгъуэтыжьр а зы кІыфІыгъэщ. ГъурпІэм тесами. ЩабапІэм хэсами.

ТХЬЭМ и пщІэмрэ и щІыхьымрэ япэ дыдэу зыщрапщітар абы цІэ унейхэр фІащу щІадза нэужькІэщ... Тхьэм цІэ уней иІэнкІэ Іэмал иІэкъым. Ар - псо зыІут псоми зздайщ. Адыгэми. Урысми. ХъэрпІми. Японми. Махъшэми. Шыми. Хьэми. ХъумпІэщІэджми... А гупсысэр хьэкъ зыщыгтщІу зы Тхьэм и щІагъ псори дызэрыщІэтыр къабыл тщІыхьуху, ди гъащІэр нэщІэбжьэ щыщІэнукъым.

ДунейР зэрыкъутэжьнум теухуа трагедием цІыху цІыкІыр илъэс мин бжыгъэкІэрэ щагъэджэгащ. Дэрауэ жаІэ абы и финалыр зыгъэзэщІэнур. Ауэ акТёркъым а финалыр зыхуейр. Жьагъэщ. Джэгу лъэпкъ хэмылъу Ажалым зыІуридзэн жьагъэ бжыгъэнщэ...

ЩІАЛЭГЪУЭР пкъым хэкІа нэужькІи, псэм кІыхэзэу къыщІэкІынущ. Ар жьыгъэм и нэхэм кІьащІопс, гъэрмащэ кІыфІым кІих ЫуэпсыкІ цІыхум ещхьу.

НАПИТІХЭР гъащІэм и сыт хуэдэ зэхъуэжьІыныгъэми къол. Апхуэдэхэм ящыщу нэхъ хьащІхьэвІлъэ дыдэми кІыэдрехьэкІ напэ нэпці щІэрпс. Дэ тхуэдэ хъарыпхэр къырирІгапцІэрэ иужькІэ зэІуихьжу.

ГъАЩІЭР хьэдащІолъхэ мыухьжьым къыхэгуфІыкІ сабийщ.

ДТХЭНЭ цІыхугури езым и Помпей щыгъэнпщкІуа къхъэлъащ. Ахэр къызэІуахьфамэ, ялъагъуэт игъуэ нэмысу кІуэда къъэпсалІэхэм я хьэдэ бжьгъэнщэхэр.

ДУНЕЙР зэхокъутэ. Зэхощащэ. Пэжымрэ пцІымрэ я гъунапкъэ илъэс мин бжыгъэкІэрэ гъатхэм къыкІэлъокІуэ е екІэпцІэм мыІэрысэ къыпыкІэрэкъым, жьапІэрэ удэуэным ещхьщ... Анэхэр фІыуэ ялъагъу къудейкъым. ФІыуэ ялъагъуэ гум и закъуэщ щыпсэур. Модрейхэр - зэрыщьту да тщІыщщ. Е дэ дызэрыщьту абыхэм дащІыщщ. Абыхэм я гуфІэр ди гуфІэщ. Абыхэм я узыр ди узщ. Анэхэр щылІэкІэ, дэ ди зыгъэрэр зыдэхьри, абыхэм я зыгъэрэр дэ ди псэм къыдэпсэууэ къыхэнэ.

АЖАЛЫР мыхъумэ, цІыхум и гур зыгъэнщІыфІын щІыкъым. А гупсысэр къыхощ ди Іэрыпіуатэм... Ауэ, гуауэшхуэракъэ, ажалым гур зэрригъэщІыфІыр ажалкІэщ. ГъащІэм щІэбэгъуэ къыгъэщІа гур.

ДЭ, ЦІЫХУ цІыкІухэр, игъащІэм ди дызэщІонакІэ. Зыр зыщ ДыщІыдыхьэшхыу мы дунейр гъащІэр идохьэкІ. Ди Іейр мыхъумэ, дифІэр зэрылъагъурмкъым. ДыщызышыгтхьукІи, ди щыгтхъуэм ауаныр къажэщІэлъщ... Ауэ псоми къыгтщІыдыхьэшхыу къыгтщхьэщІтщ дэ Ажалыр. Дытетыну къыззырытлъыса зэман кІэщІ тІэкІур къытхуэмыгъэсэбэпуэрэ дунейр зэрыгтІэщІихьжьыфІ иридыхьэшхыу... Ауэ щхьхуэкІэ, дэ псори комедие зэшыгъуэжь гъэрым дриперсонажэщ. Зэш имыщІэу Ажалым зэкилъхьэ комедие сериалым.

«УАДЫГЭНЫР тыншкъым» жиІэгъащ ди усакІуэ гуэрым... Пэжщ, тыншкъым. Гугъуехь лъэпкъ зыпымыщІар зыбгъэадыгэнраци, мис абы хуэІэзэхэр ди лъэпкъым гьунэжу къыщІохъуэ. ДахэжьІэ гъащІэм уащыщІащІэуІкІэ, фІы дыдэу пльагъу гуэрым и гущІыщІ щІакІуэ ирапхъуэж къыпфІощІри, уогужьей.

МЫ ЦІЫХУМ тхуэзэрымыгъэгъуэт псор къытхуагъэшамэ, ажалри зэпэдубыдынкІэ хъунут.

ЦІЫХУМ апхуэдизу гугъэ къыщІриткІэ, ар уэхътынщэу къИгъэщІын мурадыр Тхьэм иІагъэнуц.

ЩЫРИ лІащ. Соломони. Наполеони. Ди гьунэгъу лІыжьри. Щыри нэкІи псэкІи къызэІэбэкІыуэ дунейм ехьжащ. Ауэ зыри трахьфакъым. Зыми. Зыри...

«СИ АНЭР фІыуэ солъагъу» жьІэнэр - гъэмахуэр гъатхэм къыкІэлъокІуэ е екІэпцІэм мыІэрысэ къыпыкІэрэкъым, жьапІэрэ удэуэным ещхьщ... Анэхэр фІыуэ ялъагъу къудейкъым. ФІыуэ ялъагъуэ гум и закъуэщ щыпсэур. Модрейхэр - зэрыщьту да тщІыщщ. Е дэ дызэрыщьту абыхэм дащІыщщ. Абыхэм я гуфІэр ди гуфІэщ. Абыхэм я узыр ди узщ. Анэхэр щылІэкІэ, дэ ди зыгъэрэр зыдэхьри, абыхэм я зыгъэрэр дэ ди псэм къыдэпсэууэ къыхэнэ.

АЖАЛЫР мыхъумэ, цІыхум и гур зыгъэнщІыфІын щІыкъым. А гупсысэр къыхощ ди Іэрыпіуатэм... Ауэ, гуауэшхуэракъэ, ажалым гур зэрригъэщІыфІыр ажалкІэщ. ГъащІэм щІэбэгъуэ къыгъэщІа гур.

ДЭ, ЦІЫХУ цІыкІухэр, игъащІэм ди дызэщІонакІэ. Зыр зыщ ДыщІыдыхьэшхыу мы дунейр гъащІэр идохьэкІ. Ди Іейр мыхъумэ, дифІэр зэрылъагъурмкъым. ДыщызышыгтхьукІи, ди щыгтхъуэм ауаныр къажэщІэлъщ... Ауэ псоми къыгтщІыдыхьэшхыу къыгтщхьэщІтщ дэ Ажалыр. Дытетыну къыззырытлъыса зэман кІэщІ тІэкІур къытхуэмыгъэсэбэпуэрэ дунейр зэрыгтІэщІихьжьыфІ иридыхьэшхыу... Ауэ щхьхуэкІэ, дэ псори комедие зэшыгъуэжь гъэрым дриперсонажэщ. Зэш имыщІэу Ажалым зэкилъхьэ комедие сериалым.

«УАДЫГЭНЫР тыншкъым» жиІэгъащ ди усакІуэ гуэрым... Пэжщ, тыншкъым. Гугъуехь лъэпкъ зыпымыщІар зыбгъэадыгэнраци, мис абы хуэІэзэхэр ди лъэпкъым гьунэжу къыщІохъуэ. ДахэжьІэ гъащІэм уащыщІащІэуІкІэ, фІы дыдэу пльагъу гуэрым и гущІыщІ щІакІуэ ирапхъуэж къыпфІощІри, уогужьей.

МЫ ЦІЫХУМ тхуэзэрымыгъэгъуэт псор къытхуагъэшамэ, ажалри зэпэдубыдынкІэ хъунут.

ЦІЫХУМ апхуэдизу гугъэ къыщІриткІэ, ар уэхътынщэу къИгъэщІын мурадыр Тхьэм иІагъэнуц.

ЩЫРИ лІащ. Соломони. Наполеони. Ди гьунэгъу лІыжьри. Щыри нэкІи псэкІи къызэІэбэкІыуэ дунейм ехьжащ. Ауэ зыри трахьфакъым. Зыми. Зыри...

Нало Заур и пшыхьым хэтщ. *1998 гъэ*

ТЕНДЖЫЗЫМ и инагъыр зырикІщ, мы дунейм пцІыуэ траупсыхьем ельытауэ. Зэм-зэи уогупсыс: «Ярэби, щІимыльэсфэжьину пІэрэ я дунейр езыр илъэс мин бжыгъэкІэрэ щыфІыізэтрихьа пцІым? Зи толъкунхэр уафэм щІэуэ пцІы гуапапкъэнщэм и хьжькуийм?

ПЭЖЫР Іупэм къытельэтыну хьэзырт. Псори Іупщі зыщІыфіну Пэжыр. Ауэ къытельэтакъым. Хьэузыу фэрыщІ къомым захигъэпшахьэури, ПцІым и санэхуафэм ари хьхьащ. Щихъунри зэриухыну щыкІэри езы Тхьэ дыдэм къыхуэмыщІэ санэхуафэ мыухьжьым.

ЗЭМАН пшахъуавэм псори зэыщІешэ. Псори зыщІефэ. ГъащІэ бжыгъэнщэхэр зыльэмыІэса гугъэ щІэинхэм кІыщІынэмыщІа. Хы тхьэрыкъуэ куэдкІей хуэдэ, ахэр щохуарэ кхъахалъэ зэфэзэщ хъуа мы дунеижьым и щхьэщІыгум. ГущІэр зыгъаза макъэр ягъэІуу. Хъуапсэуэр, нэпсым хэункІыфІыхьа псэ бжыгъэнщэм я гъыбзэхэр къраш.

ЛъАГъУНЫГЪЭР щІалэгъапцІэ уэшхум хуэдэщ. ЗыкърикІутыну зэвыщигъэгугъэныр, ар пщІыэщокІри йожьэж. КъыхуикІа уи нэр кІэлъыхьуапсэу. Къэбырсея уи гур кІэлъыІэбэу.

ДЭТХЭНЭ гъащІэри ажалым дуохІуэ. Псыежэж псори тенджызэм зэрахузэпІащІэм ещхьу. ТкІуэпсурэ зэхэт тенджызым дежкІэ дэтхэнэ псы цІыкІури хэхъуэныгъэшхуэу зэрыщІытІыр нэм къыщІыпкІ я хьуальэхэмкІэ къыдагъащІэ. Ажалыращ, зыми хуримыгъэкъур. Абы и мэжалІэр изыгъэкІыфІын гъащІэ дунейм иджыри къытрагъащІакъым.

ПСЭЖЬХЭР тхъэжу щымыпсэуа зэмани къэралыгъуи щІлакъым, щІлэжьым икІи щІыІэнукъым. Ахэращ дунеи фІыгъэр зыбгъэдэлъхьэ я псэхэр зыІэщІэльжьыр.

ГУЖЖЫЛХЬ зытемыльэ фІэкІа жэнэтым ямыгъакІуэр пэжмэ, абы ису жьихуаІэ хуэ хьыджэбэ къомыр жьихьэнмэм кІуэсэнкІэ хъунущ. Аращ здэщыІэр дэтхэнэ бзыльхъугъэми и пщІыхьэгъу щІалэ хьэжьІужьхэр.

ГъУНАПкъЭНЩІЭР уи нэгу къыпхущІэгъэзэрхъым. Ауэ щыІэщ абы и щапхъэу къэпхь хъун псалъэ: ГУГЪЭ. Пэжкъым «Гугъэр адэжь щІэинщ» жьхуаІэри. Ар зыми къыІэщІэмыкІауэ зыми Іэщ Іэмыхьэн хъуэпсапІэшхуэ гуэрщ. Абы хуэІэбэ зэпыту псэур щІыхуэкІ я закъуэкъым - уэгум ит Тхьэми арауэ къыщІэкІынущ и ГуаэзэР.

ИДжЫРЕЙ адыгэм ди хьэл нэхъ мыхъумыщІэ щІэдзкІэ ящыщщ егъэлеяуэ зэхъуэпсІырей, ди блэкІам и Іэмбатэхэр Іэтэу къызыщІыдгъэхъуурэ, а къытщІыхъуэм къахэтщІыкІа псысхэмкІэ зытегъэужьыным дыдихьэх зэрыхъуар... Зи адджэхэр щхъуэкІэплъыкІэ нэгъуджэжкъым иджьыстуди лъэпкъыр нэхъ зыхуэныкъуэр. Ди гъащІэм и пІанэпІэ дэтхэнэми дыдзэыгъэплъэжьыфІн нэгъуджэщ. Хъарпшэрым дыкъэхиущу Іупщымрэ нахуэмрэ дзэзыгъэльэгъун нэгъуджэщ... Уэзрыпагэ хъуну гуэрхэр тхыдэм къыхэтщІыпкІыкІу дыщысурэ, дымыхуэтыкъуэным щхьэкІэ. УкъыщІуэІэбжьынрэ ущІэгужьеину ди гъащІэм куэд зэрыхъэлъэр къэтІльагъунымк щхьэкІэ. Нэхьри гущІэгъунщэ хъуэрэ къытхуэкІуэ Зэманым и хьыуалъэхэр дымыщІэхэхэу къытщІэуэзу дрильэсыкІынкІэ зэрыхъунум хуэхьэзыру дыщытымым щхьэкІэ.

ТхЬЭМ дыкъигъэщІами, Тхьэм къытхуэгъэфащэхэм дабгъэхуэпсыкІыу идохьэкІыр цІыхухэм. Ди гъащІэ дахьжьыкъэр хэтэшыну, къытхупибжькІа илъэсхэр дгъэбэгъуэну, тхухуиа гьунапкъэхэм зедгъэубгъуну дыхэтурэ, къыщэплъэкІыжьпІэ щымыгъэтрэ егъэзыхьгъуэ защІэу кІуэ Жьыгъэм и выгу зэрызешэм дыкъохутэ. Дыкъохутэри, ЩІалэгъуэр зэрызедгъэкІуам ещхьу, дызэрысыр дыздыхуейкІэ дуиэтІыну дыхуэжьэ. Ауэ Жьыгъэм и выгу яунэтІхэм ящыщкъым. Ар макІуэ щхьэрыхьу. ГугъапІэхэми хъуэпсапІэхэми даблиш. Зэрызешэу. ЗэщІэкІыргъэу. Пшагъуэм хэту. КІыфІым хуэкІуэу.

СЫТ ЗЫХИЩІЭР ажалым и Іэмыщ Іэ ихуа псэм? Сыт зэгупсысыр? КъиГъэщІам щыщ гуэрхэр нэгум къыщІыхьэжрэ? ІэщІэщІауэ хуэмыгъэзэкІуэжьыгъэхум хэущІегъуэжрэ? ЗыщІэхъуэпсауэ къемыхъуІлэхэм кІэлъыгъэзасэрэ? Хьэмэрэ, дэтхэнэ псэущхьэми хъэпщхупщми хуэдэу, псэ хэкІым кІэлъыпІастхъуэрэ гъащІэр къытеункІыфІэрэ?.. Апхуэдэ дакъикъэхэм дже цІыху къызэригъуэкІ жьІэзыфІэщыр куэдкІэ нэхъ насыпыфІэу къыщІэкІынущ, щэху куэдыкІейм я жэуапхэр зыщІэ философщхуэм нэхърэ. ФІэщхъэныгъэ зиІэ цІыху къызэригъэкІым дежкІэ ажалыр - ар зыхуэзбгъэщІэну - ар зыхуэзбгъэщІэнкІын хуей гъэузыгъуэ къудейуэ аращ. Абы ублэкІмэ - адэжкІи гъащІэщ!.. Сыту насыпышхуэ пкъымрэ псэмрэ щызэрыгІыпщ дакъикъэ гукъутэхэр псынщІэ пщызыщІ апхуэдэ фІэщхъуныгъэ уиІэнкІ. Ар - дуней мылъкум ублэзыгъэзыкІыфын фІы-гъуэщ... Ауэ фІэщхъуныгъэм и къуагъми къузэзыгъэплъэфын акъылкІэ Тхьэ зыхуэупса цІыхум а насыпыр Іэщ Іэкі Гъэхъэххэщ.

ПЦІЫМ дыхуэпсалъэ щхьэкІэ, дэ яращ сытым дежи ттемыплъэкъуклыр. Пэжыр шы щІакъуэ тесщи, къыхэщІыр къыщІуэйм ехутылІэу зэи нэсыфакъым. ПцІыр зэш имыщІэу Бжэщхьэ Іум къытетщ. Бегъымбару къытхупыгуфІыкІрэ зэрышейтІанкІэ Іэзэу тщигъэпщкІуу. Ди мащІэм еІэзэ хуэдэурэ, ди куэдым и ущхуэтІасэу.

КУЭД щІІАУЭ къыщІэкІынущ щІыхуэр шейтІанм зэрыІэщІэхуэзэ. Іэщ Іэхуэу зэрыгъэзбгІлырэ. Тхьэм зэригъэпса дыдэм тету зыри зэрымыкІуэкІыжрэ... Ди гупсысэхэри зэблэщащ. Ди псэлъэкІэхэри зэблэщащ. ФІымрэ ІейимрэзэрызэщхьащІа пщІлъэхэри зэхэзэрыхьащ... «Пшапэ мэщ», «нэху зэхуэу», зыуэ дошхей» жаІэу зэхэпхынкІэ хъумэ, умыгъэщІагъэ. Делэхэм губзыгъэхэр ягъасэу, напэнщэхэр цІыху зэхэсыжьэм щапхъэ хуащІу, псори къэзылэжьхэр зэи мылэжьа хьжІэпІыжьхэм къэхуэдзыну мыгъуэІуусыкІ щІагъэлъэІуу пльагъумэ, укъэмыуІэбжь. Шейтіаным и гъуджэ Іушэм иплъэурэ, дунейм и псори зэщхьэщыкІащ. КъэзыгъэщІу фІым хуэзыгъэпса Тхьэшхуэм и закъуэщ дунейр зэтезыхуэхуэжьфыну щыІэр... Ауэ, Іэхъуэшхуэракъэ, зэтриуухуэжьыным щхьэкІэ, мы дунейр Тхьэм икъуэтэжьн хуейуэ жаІэ.

ДунЕЙМ трилъагъуэмрэ къытригъуэтэмрэ фІэкІа и Гъащ Іэм хэмытамэ, абы щІэтекІыж уахътыр щІыхум апхуэдэ дыдэу гукъутэгъуэ къыщІыхьэнтэкъым. Ауэ дуней зыбжанэми яхуэзтемыІыгъэн, псэ пІалъэ минхэм къымытІэсэн гуэрхэр дгъэкІ гъащІэмэ и лъабжьэщ икІи и къуэпсщ. Мис ахэращ мы дунеижьым нэхъ къыхъсчъгьуейр. МызэщІа гугъэхэмрэ Іупщ къэхъуныр хунэмыса къуэпсапІэхэмрэ я къуэпс бжьгъэнщэхэр.

ГъАЩІЭР зэрыкІэщІ дыдэр хъарзынэу ящІэ дуней фІы-гъуэр зиІэу напэ зимыІэжхэми. Напэр нэхъ къуеІэрыщхуэу къызыхуэнахэми... Ялпэм жеІэ: «ГъащІэр - ІащІкъэущ. НапІэзыпІэм пІэщІэлъэтынурэ, мы дуней дахэшхуэм ухэкІыжынущ. Кьыхэх! Кьыхэтхъ! ЗэльэфалІэ! А зэ псэгуэрэщ къуэтурэ, ухущхьэрэ ущатэу иумыхьэкІ...». ЕтІуанэм къыпедзыж: «Пэжщ, гъащІэр напІэзыпІэщ. БлэпІэту къэтегъаза зимыІэжэм ящыщщ. Ауэ дуней фІыгъэр зэпІлъэфалІэу и кум уитІысхьэжами, уэ нэхърэ нэхъ насыпыфІэу зыкъызэолытэж сэ. Си напэр зэрыкъабзэм щхьэкІэ. Ар зыщІэжахэм сызэрыфщымыщым щхьэкІэ...». Сэ гукІи псэкІи етІуанэм срителъхьэщ, ауэ... Ауэ гъащІэмрэ гущІэгъунрэ зи бэу КъыщІэкъэщытым сеупщІыну сыхуейт: ярэби, щыІэ нэхъ къабзэу, зыхуэмэм тезыр теплъэхьауэ ара, и гъащІэ кІэщІ тІэкІур мыгъуэмылІэу ирихьэкІыну? Хьэмэрэ, пэж дыдэу, дуней пэжыр къыщытпэплъэр адэкІэ? Дауи щрет, сэ сыхуейт мы дуней хьэху щыкІуэ гупсэхуу тІэкІурэ сыщыкъэщІэну. Зэхэпхрэ, ди Тхьэ, - сыхуейт!

УИ ЛІАКЪУЭМ и лъагъуэ утеуэвэу ІэкІуэжьхэм я ІэщІ къыпІэуэрэ къежьапІэм нэс удэбжеижьыфатэмэ, къэпщІэнт, дэтхэнэ лІакъуэми ещхьу, абы къуэпсі кІыхь дыдэ зэриІэр. Уи адэм и адэм и адэжьм адкІэжкІэ щыІэу зэман гъуэзым хэзэрыхьыж «ижьижьыж» жьхуаІэм хъыщІжьэ а къуэпсыр. Іэджжу зэхэухуэна а къуэпсым и кумылэу псэ къыхэзылъхьэ кІаблэр къыщыпкърыкІыр анэдэлъхубзэрщ. Зы гъащІэм нэгъуэщІ гъащІэ къыпыхъуэрэ, а къуэпсри абы и кІаблэри уэ уи дежь къэсащ... АтІэми, уи быным анэдэлъхубзэр имыщІэмэ, абы къикІыр фІи къуэпсым и кумылэр зэпыбупщІыжауэ аращи, зэпыпщІэжьыну ухуежьэмэ, къэмыхъуІлжьыну Іуэхум хэлъщ. Сыту жьыІэмэ, гъащІэр щыхьэт зэрытехъуэщи, адыгэбзэ ныкъуэ фІэкІа зымыщІэ уи быным и быным адыгэбзэ щІагъуэ ищІэнукъым, абы и быныжым адыгэбзэ ищІэжыххэнукъым. Адыгэбзэ зымыщІэжьыхэ щІэблэр а къуэпсым кумылэкІэ къыпощхьэхукІри, илъэсищэ Іэджэм зыкъызэІрыша фи лІакъуэм и тхыдэбжэр уи Іэкі зэхуэпщІыжауэ къыщІокІ...

ТЕлЪЫДЖАлЪЭ. Гупсысэ инхэр игъащІэми цІыхум къуогъэІурыщІэ, ауэ щхьэм Іурыщ Іэ щхьэуа гупсысэ дэтхэнэми игъэтыркъым ахэр зэрыхуэн псалъэрэ псэлъафэрэ. Яхуэфащ жьІэкІэрэ ухуэкІэрэ. Бзэм и пкъыр зыгъэуэта гупсысэхэмрэ ар ямыгъэуту бзэхьжьажэмрэ зэпэпльытмэ, зыгъуэтар - зы ткІуэпсым хуэдэщи, зымыгъуэтар - тенджызым ещхьщ. АтІэми, щыІэу къыщІэкІынукъым илъэс мин бжыгъэкІэ лъэпкъыр зыщІэпсэуакІэ бзэм пхуимыгъэзэгъэн гупсысэ... «Даут» «къызыхэпщІыкІ хъунур ар къызыаІущыкІа мывэ джей Іыхьэм и зэхъэтэжьым. Апхуэдэ мывэ джейхэр дунейм тезщ. Абыхэм ящыщ дзтхэнэми ехъумэ «Даут» ещхь тельыджэ бжыгъэншэхэр. А тельыджэхэр поплъэ Тхьэм къахуигъэщІыну скульптор Іэзэхэм. Мывэ зэщІэзыуІлахэм къаІэщІзэзыгъэкІыфІыну Микеланджелэхэм...

Бзэри апхуэдэщ. Бзэми ехъумэ къызэІухьн хуей щэху хьэлэмэтыщхэр. НаІуэ зэхьмыхуэ тельыджэ бжыгъэншэхэр... ИІэщ апхуэдэ щІэкІр. Я нэхъ зызыгъэдомбейри цІыкІужьейуэ къыщыщІидзыж инфаи ящыкъэхьыжьпІэшхуэу ажалым и пащхьэрщ.

МЫВЭ. Щтауч. Жьір. БампІэм пэбгъэзыувынкІэ сытым щыщ фэ фи быдагъыр?! АбыкІэ щапхъэ зытефхьн фыхуейімэ, феплъ иджыпей цІыху цІыкІум и гум. Къэмычэ щІыкІэ.

«ДУНЕЙР къызэрыІубыжьыхуэ» жызыІэфа пасэрей адыгэхэм а дунейр я гупсысэхэм къыщалэбэрэбыхьри, езыхэр зыхуей теплъэр иратакІэт. Уэгури фальэт. ЩІыгури фальэт. ИгъащІэм зэлъэмыІэсауэ зэщхьэщыт я фальэшхуитІым я зэхуэхум мэрэмэжьейуэ щыпщІыщІыщт гъащІэр... Апхуэдэу дахэу дунейр зи нэгу къыщІзэзыгъэувэфа лъэпкъым къелэжь псэуну. Дунейр къызэрыІубжьыху.

ЦІЫХУБЭР зыщІагъэлэжьыкІ пасэрей уэрэд: «Дунейм нэхъ насып ину тетыр уи напэ къабзэу, гуэныхъым упэІэщІэу, Тхьэм уи гур хуэгъэзауэ гъащІэ Іэгуэгуанэр къэпкІунырщ... Мыпкъур уэсэпсщ. Ахъшэр зырикІщ. Кьэнэжьыпр цІыхугъэ пхэлъырщ. Адыгагъэ зепхьарщ»...

Зи напэри зи жьыпри къабзэ лэжьакІуэжьхэр а «пасэрей уэрэдым» щІагъэдэІуурэ игъащІэ лъандэм мэлажьэрымэлажьэ. Ябгхэр гъэшауэ. Я псэхэр пщэхауэ... Пэжым и нэхъ пэж а псалъэ Іущхэр зыхэт «уэрэдым» къизышыр дунейр зышхауэ къэзыжьэгъэушхьэ хьэжьвакъэжьышхэм я «хорырщ». «Хорым» хэтхэм я макъэр лъагэу мэІу. ЦІыхубэм яхэпльэрэ - гуащІэдэкІым нэхъри къыхураджэжь. Езыхэр зэплъыжьрэ - гущІыкІыгъуэу щІэдзыхьэшхьыкІхэу

ИлЪЭСХЭР гъэзугуанэ тет зэпыІуц. Ахэр дэ къедгъэблагъэрхъым икІи едгъэжьэжьркъым, - зэрымыщІэкІэ дакъыІуэу аркъудейщ. ЗыкІи ди Іуэху яхъэпльтэ пэтми, дэ ахэр дыдейуэ, дэр щхьэкІэ щыІэу къытщІохъэж, мэл гъажэм ещхьу къапыдбжьыкІыурэ, «ГъАЩІЭ» цІэри яфІыдощ. АрщхьэкІэ шыпсэщ, ди щхьэм хуэзэхтлъхьэж шыпсэу аркъудейщ ахэр... А дэ къэтІуащхъэмрэ къэтпэщащхъэмрэ зыри яхэзымышщІкІ илъэсхэр гъуни нэзи зимыІэ Іуэзэм къыхокІхэри-къыхокІ. Я нэхъ гупсысэшхуэхэри зыхэуэнкІыфІых а Іуэзэ дыдэм хохьэжхэри-хохьэж... Ди гу къытлтаэтэн дэнэ къэна, мы дунеижьыр щаухуэжми, ар къафІэІуэхуу къызэпльэкІакъым ахэр. Зэракъутэжми - мисыр - зыкІи иригузавэхэр-къым.



Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщегъэпсэху. *2005 гъэ*

# Хэкужьыр жьэгу хуабэщ

**Щхьэусыгъуэ хуэхъуар Iуэху мыщхьэпэми, узыгъэгуфIэр зыщ - Щамым къикIыж ди лъэпкъэгъухэм Хэкужьым щхьэегъэзыпIэ тынш зэрыщагъуэтырщ. Япэ лъэбакъуэхэм къыщегъэжьауэ мы Iуэхум хэтщ КъШР-м щыщ Али-Бэрдыкъуэ къуажэр. Щамым къикIыжа ди лъэпкъэгъу куэдым иужькIэ нэгъуэщI къуажэхэм псэупIэхэр щагъуэтыжами, япэу къезыгъэблэгъари ядэIэпыкъуари Хьэгъундыкъуей адыгэ жылэжьыр арауэ зэрыщытыр гурыфIыгъуэщ.**

НОБЭ зи гугъу фхуэтщIыну унагъуэм - Альмысри Худэ Аделрэ ипхъухэу Гусейнэрэ Закиярэ - Щамыр ибгына иужь, гъуэгуанэ кIыхь къызэринэкIащ ди къуажэм къыщетIысэхын ипэкIэ. Япэ ахэр щепсыхар Шэткъалэщ (Ставрополь). Иужьым Абхъазым Iэпхъуащ - а къэралым и паспорти къратащ, ауэ унагъуэр абы щемытIысэхыу Черкесск къэкIуэжащ, бэджэндэу яIыгъа унэм щIат уасэр къатехьэлъэ щыхъум, Хьэгъундыкъуей къыдэтIысхьащ.

«Дэнэ къалэ е къуажэ дыдэмысами, мыр ди Хэкужьщ. ДызыщIэс хъуну унэ мы къуажэм зэрыщыIэр Аргун Олег къыджиIэри, дыкъригъэблэгъащ. Ди гуапэу дыдэсщ Хьэгъундыкъуей жылэм. ЦIыхухэри къытпыкъуокI фIыкIэ, я гуэныхь дыхуейкъым», - жаIэ унагъуэм щIэсхэм.

Езыхэр Сирием хыхьэ Алеппэ къалэшхуэм щыпсэуащ. Зауэм кърихужьэри, Хэкужьым къагъэзэжащ илъэситхукIэ узэIэбэкIыжмэ. Хьэгъундыкъуей илъэсрэ ныкъуэрэ хъуауэ дэсщ. Зэшыпхъухэм я зы дэлъхум унагъуэ ищIауэ Шэткъалэ щопсэу. Адрей я зы дэлъхур Щамым къинащ.

Унагъуэм щыщхэм «вид на жительство» жыхуаIэм хуэдэ зэрагъэпэщауэ аращ, ауэ я тхылъхэм и пIалъэр икIауэ, абы прагъэщэжыным яужь итщ.

«Цы зэрыхъэным, абы пыIэ, щыгъын зэмылIэужьыгъуэхэр къыхэщIыкIыным дропсэу. Мы зэманым гъэмахуэщи, абы ахъшэ къыпэкIуэркъым, ауэ цIыхухэм тхьэмыщкIагъэ драгъахуэркъым. Тхьэм фIыщIэу къаритыж! Ди гуапэщ Хэкужьыр къызэрытпежьар, дикIыжыни ди гугъэкъым, зэрытлъэкIкIэ мы щIыгум лъапсэ щыдухуэжынущ», - жаIэ пщащэхэм.

Зэман куэд дэкIащ Кавказ зауэжьыр зэриухрэ, ауэ абы ирипхъыхьа лъэпкъым и уIэгъэхэр кIыжакъым. Апхуэдэу щытми, адыгэ къуажэхэм хабзэрэ гулъытэрэ зэрыдэлъым уегъэгуфIэ, ар сыт хуэдэ зауэми гуауэми яхуэшхакъым. Мы унагъуэ цIыкIури Хьэгъундыкъуей къуажэкIэм щетIысэхауэ, Хэкужьым и жьэгум Iусщ, загъэхуабэу. Езыхэр цIыху гуапэщ, гуфIэпсыжщ, яIэр иджыри мащIэми, абыкIэ къыбдэгуэшэну хьэзырщ. КъызыпхыкIа гуауэм хуэдэ афIэкIа Тхьэм химыгъэплъэжкIэ! Хэкужьым я лъэр щиубыдыжауэ, заузэщIауэ тлъагъуну догугъэ.

**КЪУЩХЬЭ (Бемырзэ) Мадинэ.**

# Зи Iэщlагъэм къыхуигъэщIа пщащэ

**КъыдэкIуэтей щIэблэм я дежкIэ щапхъэщ Тэрч къалэм къыщалъхуа, мы тхыгъэр зытеухуа Щомахуэ Мадинэ.**

КУРЫТ еджапIэр къиухыу балигъ гъащIэм хэбэкъуэну, щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну зызыгъэхьэзыр дэтхэнэ ныбжьыщIэми зыхуеджэну IэщIагъэр къыхихын хуейщ щыхъукIэ, Iэмал имыIэу зыгуэрым доплъей, абы зэрихьэ Iуэхухэм кIэлъоплъ, зэрызригъэщхьыным яужь итщ. Зи гугъу тщIыну пщащэм щысабийм зэплъа таурыхъхэм къыхихат IэщIагъэ хуэхъунур.

Школыр фIы защIэкIэ къиуха нэужь, Мадинэ и мурадхэр адэ-анэм къыдаIыгъщ, зытриухуа унэтIыныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэу къалъытэри, Ставрополь дэт къэрал медицинэ академием и стоматологие къудамэм щIагъэтIысхьащ. 2013 гъэм дипломыр къыIэрыхьа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым интернатурэм щIэтIысхьэжри, и щIэныгъэм абы щыхигъэхъуащ. Интерну ар ягъэкIуат Налшык къалэм дэт 1-нэ поликлиникэм. Мадинэ жиIэжхэм къызэрыхэщымкIэ, ар шыIэныгъэ зыхэлъ, зи лэжьыгъэм хэзыщIыкI, фIыуэ зылъагъу дохутыр Къунащ Аидэ пэщIэхуэри, IэщIагъэм и щэху куэдым хуигъэсащ икIи хуиущиящ.

ЕджапIэ нэужьым «куэдщ къэзджари зэзгъэщIари» жиIэу мытIысыжу пщащэр хуеджэжащ терапевтическэ стоматологием. Ар къиухри, щалъхуа щIыналъэм 2014 гъэм игъэзэжауэ Тэрч къалэ дэт стоматологие поликлиникэм щытхъу иIэу щолажьэ. IуэхущIапIэри абы и хамэтэкъым, сыту жыпIэмэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэт илъэсхэм зыбжанэрэ практикэ къагъэкIуат.

Балигъхэм еIэзэ дзэ дохутыру илъэс зыбжанэкIэ лэжьа нэужь Мадинэ мурад ещI и щIэныгъэм хигъэхъуэну икIи 2017 гъэм сабий стоматологием хуеджэну КъБКъУ-м медицинэмкIэ и къудамэм и ординатурэм щIэтIысхьэжри, ари ехъулIэныгъэкIэ 2019 гъэм къиухащ. Абы лъандэрэ сабийхэм еIэзэ дзэ дохутыру мэлажьэ, жэуаплыныгъэ зыхищIэу, и пщэрылъхэр ныкъусаныгъэншэу зэфIихыу IэнатIэр ирехьэкI

- Лэжьыгъэр мытыншми, зы цIыхум нэхъ мыхъуми сэбэп ухуэхъуауэ, абы уэ хуэпщIамкIэ и узыр нэхъ мащIэ пщIауэ е щхьэщыпхауэ щыплъагъум деж уи гугъуехьхэри пщогъупщэж, - жеIэ абы.

Тхьэшхуэр къызэрыхуэупса зэчийр, Iэзагъыр, IэкIуэлъакIуагъэр къигъэсэбэпу, IуэхукIэ къыбгъэдыхьэ дэтхэнэри зэримыгъэщIэхъуным яужь иту, псэ хьэлэлу, емызэшу мэлажьэ Мадинэ.

И къару емыблэжу и IэнатIэм зэрыпэрытым къыпэкIуэу Щомахуэм мызэмытIэу къыхуагъэфэщащ щытхъу, щIыхь тхылъхэр. Къыдэлажьэхэм я мызакъуэу, дэIэпыкъуэгъу зыхуэхъу сымаджэхэм захуэбгъэзэми къыбжаIэнущ ар и IэнатIэм хьэлэлу, игури и псэри етауэ зэрыпэрытыр, сыт хуэдэ IуэхукIи абы уи дзыхь ебгъэзмэ укъызэримыгъэщIэхъунур. Гум къыбгъэдэкIыу а псалъэ гуапэхэр къыпхужаIэн щхьэкIэ езэши щхьэхи умыщIэу сымаджэхэм гугъу задебгъэхьын хуейщ.



**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

**Футбол**

# Прохладнэдэсхэм я япэ хэщIынығъэхэр

**Ди республикэм футболымкIэ и чемпионатым и пэщIэдзэ джэгугъуитхуми щытекIуа Прохладнэ и «Энергетик»-м махуэку блэкIам япэ хэщIыныгъэхэр игъуэтащ. Псынэдахэ къуажэм ар щыпэлъэщакъым щIыпIэ «Родник»-м.**

ПРОХЛАДНЭДЭСХЭР зэрылъэпэрэпар къагъэсэбэпащ абы гъунэгъу зыкъыхуэзыщIа я хьэрхуэрэгъухэм. Апхуэдэу иджы «Энергетик»-м зы очкокIэ къыкIэрыхужу аращ иужь джэгугъуитIми щытекIуа Налшык и «Спартак-Д»-р.

Пашэхэм япэжыжьэжкъым иджыри къэс зыми къыхимыгъэщIэфа «ХьэтIохъущыкъуейри». Абы хузэфIэкIащ Джылахъстэнейм щыIэу «Тэрчыр» хигъэщIэн. Апхуэдэ зыхузэфIэкI куэд къэгъуэтыгъуейщ.

Иужь джэгугъуитIми и хьэрхуэрэгъухэр щыхигъащIэри, кIэух увыпIэр ибгынащ «Шэджэм-2» командэм. Абы ипэкIэ шэджэметIуанэдэсхэм зы очкои яIакъым.

Зэхьэзэхуэм япэ текIуэныгъэр къыщихьащ Нарткъалэ и «Нартми». Ар Шэджэм щыIэу «Къундетейм» ефIэкIащ.

ТекIуэныгъэм и IэфIагъыр зыхэзымыщIауэ зэпеуэм къыхэнэжар «Ислъэмеймрэ» «ЛогоВАЗ»-мрэщ. Ахэращ, дауи, турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэр зыIыгъри.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиутIыпщакъым «Урыхум» и гъуащхьауэ Тэнащ Инал. Зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ ар 8 къыхэжаныкIащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: *етхуанэ джэгугъуэ* - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **3**:**1**, «**Налшык**» (Налшык) - «**Инал**» (Къэрэгъэш) - **2**:**1**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **0**:**1**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0**:**2**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **2**:**4**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Къундетей**» (Шэджэм) - **0**:**2**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Урыху**» (Урыху) - **4**:**4**, «**Энергетик**» (Прохладнэ) - «**Малка**» (Малкэ) - **7**:**2**; *еханэ джэгугъуэ* - «**ЛогоВАЗ**» - «**Малка**» - 4:4, «**Урыху**» - «**Бахъсэн**» - **4**:**6**, «**Къундетей**» - «**Нарт**» - **1**:**3**, «**Родник**» - «**Энергетик**» - **1**:**1**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» - «**Ислъэмей**» - **2**:**2**, «**Инал**» - «**Тэрч**» - **0**:**3**, «**Спартак-Д**» - «**Налшык**» - **1**:**0**, «**Шэджэм-2**» - «**Шэрджэс**» - **1**:**0**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2020 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Энергетик»** | **6** | **5** | **1** | **0** | **26-7** | **16** |
| **2.** | **«Спартак-Д»** | **6** | **5** | **0** | **1** | **26-9** | **15** |
| **3.** | **«ХьэтIохъущыкъуей»** | **6** | **4** | **2** | **0** | **13-9** | **14** |
| 4. | «Тэрч» | 6 | 4 | 1 | 1 | 12-4 | 13 |
| 5. | «Родник» | 5 | 3 | 2 | 0 | 11-4 | 11 |
| 6. | «Бахъсэн» | 6 | 3 | 0 | 3 | 15-15 | 9 |
| 7. | «Къундетей» | 6 | 3 | 0 | 3 | 11-13 | 9 |
| 8. | «Урыху» | 6 | 2 | 2 | 2 | 18-17 | 8 |
| 9. | «Налшык» | 5 | 2 | 0 | 3 | 9-10 | 6 |
| 10. | «Шэджэм-2» | 6 | 2 | 0 | 4 | 11-17 | 6 |
| 11. | «Малка» | 6 | 1 | 3 | 2 | 14-19 | 6 |
| 12. | «Нарт» | 6 | 1 | 2 | 3 | 12-15 | 5 |
| 13. | «Шэрджэс» | 6 | 1 | 1 | 4 | 13-18 | 4 |
| 14. | «Инал» | 6 | 1 | 1 | 4 | 12-19 | 4 |
| **15.** | **«Ислъэмей»** | **6** | **0** | **3** | **3** | **6-17** | **3** |
| **16.** | **«ЛогоВАЗ»** | **6** | **0** | **2** | **4** | **8-24** | **2** |

### УгушыIэнумэ, къеблагъэ

Зэныбжьэгъу цIыхубзитI зопсалъэ. Зым адрейм жреIэ:

- Уи щхьэгъусэм убгъэдэкIыжауэ зэхэсхаи?

- АтIэ уэ удэпсэуфынт тутынафэм, жьэ бзаджэ зыщIэтым, зыгуэр зэрызэпэвубыдуи къозауэм?!

- Апхуэдэм сызэрыбгъэдэмысыфынум шэч хэлъкъым! - жи мыдрейм.

- Мис аращ-тIэ. Ари бгъэдэсыфакъым.

* * *

- Я хьэгъуэлIыгъуэ нэужьым зыплъыхьакIуэ къикIыжри, зы махуэ фIэкIа дэмыкIауэ нысащIэм телефоныр и анэм хуегъэзу:

- Мамэ, уи махуэ фIыуэ! Сэ зыкIэ сынасыпыфIэщи!..

- ИIэт, иIэт, къызжеIэжыт апхуэдизу уи гур хэзыгъэхъуахэм я хъыбар...

- КъедаIуэ-тIэ... Дыгъуасэ япэ дыдэу си щхьэгъусэм сыхуэпщэфIащ!

- АтIэ, игу ирихьа бгъэхьэзырахэр?

- Уэ узэрыхуейуэ абы егупсыс, ауэ пщафIэ къищтэну жиIэри, ямылейуэ сигъэгуфIащ!

**Дунейпсо литературэм и хъугъуэфIыгъуэхэр**

МЕРИМЕ Проспер

# БыдапIэр къащтэ

**Си ныбжьэгъухэм ящыщ офицер гуэрым къысхуиIуэтэжыгъащ мы хъыбарыр. Езыр илъэситI-щы ипэкIэ Алыджым щылIащ. Хъыбарыр сигу къинащ, сщыгъупщэжыркъым. Аращ фхуэсIуэтэжынур.**

БЖЬЫХЬЭПЭ мазэм и плIым полкым сынэсащ. Полковникыр къысщыгуфIыкIакъым, гу зэрылъыстамкIэ. Ней-нейуэ къызэплъащ. Генерал Б. и тхылъымпIэр щезгъэлъагъум, сызэпиплъыхьащ, ифI зыкъришэжауи къысфIэщIащ, псалъэ гуапэ гуэрхэри къызжиIащ.

Капитаным сригъэцIыхуащ абы. Дзэр къызэхикIухьри къигъэзэжа къудейт капитаным. ЦIыху къамылыфэ щхьэпэлъагэт ар, нэщхъыдзэт. Сэлэтым къыщыщIидзэри зэхэуэ Iэджэм хэхутащ, лIыгъэ зэримыхьатэмэ, эполетри жор дамыгъэри къыхуагъэфэщэнтэкъым. УIуплъэнкIэ домбейт, и макъыр гурымыхьт армыхъу. Иенэ деж шэ къыщытехуати, арат макъыхъу щIэхъуауэ жыхуаIэр.

Дзэ еджапIэр къэзуха къудейт - Фонтебло дэт еджапIэр. Ар щызжесIэм, капитаным и фэр зэлъащ, къызэплъри къызжьэхидзащ:

- Си лейтенантыр дыгъуасэ къаукIащ...

Сэ къызгурыIуащ абы къызиIуэкIар: «Абы и пIэ уиувэн хуей хъунущ, ар пхузэфIэкIын си гугъэкъым». Псалъэ дыдж пэздзыжын мурад сиIат асыхьэтым, ауэ зысшыIащ.

Ди щысыпIэм топ уэгъуитI хуэдэкIэ пэжыжьэ Шевардино быдапIэм къыщхьэщыуващ мазэр. Ар плъыжьыбзэт, инт, мазэ къыщIэкIыгъуэм деж зэрыхабзэщи. А пщыхьэщхьэм нэхъ иныж хъуауэ къысфIэщIащ мазэр.

Сэлэт лIыжь къызбгъэдэтти, абы гу лъитащ мазэр зэрыплъыжьыбзэм.

- Зэрыплъыжьыбзэ мазэр ныщхьэбэ! - игъэщIэгъуащ сэлэтым. - БыдапIэм гугъу дыдехьыныфэ тетщ.

Сэ Iэнкун сыкъэхъуащ, сэлэтым и псалъэр щызэхэсхым. ЗезгъэщIащ, ауэ жейм сезэгъакъым. СыкъызэфIэувэжащи, сыкъоокIуэкI-сынокIуэкI. Шевардино жылэм пэгъунэгъу Iуащхьэхэм щызэщIагъэна мафIэхэм сахоплъэ.

Жьы къабзэкIэ сыбэуа нэужь, згъэзэжри си пIэ сизэгъэжащ, цейр зытеспхъуэри, си нэр зытеспIащ, нэху щыху сыжеин мурад сщIауэ. Жейм сыкъибгынами ярейт: си нэбдзыпэ къехакъым. Жейм сыщемызэгъкIэ, сигу фIы щыщIэнт? Iэджэм согупсысри сыщылъщ, си щхьэм къимыхьэ щыIэкъым. Мы уэхым щигъуэлъыкIа къомым - минищэм щIигъум си зы ныбжьэгъу яхэткъым. УIэгъэ сыхъумэ, сымаджэщым сыщIадзэнущ, дохутыр IэшмэкъугухэР, дауи, къызэлIэлIэнукъым, къысхуащIэфыни щыIэкъым. Абы сыщегупсыскIэ, жейр нэхъри сщхьэщокIуэт: сыхелъафэ щыжысIэм, сыкъоскIэри, сыкъызэщоуж. Гупсысэ фейцей Iэджэ щызэблож си щхьэм - жеипIэ срагъахуэркъым гупсысэ мыфэмыцхэм.

ИкIэм-икIэжым сыхилъэфащ жейм. Нэху щыри бжьамий макъ къэIуащ - абы сыкъызэщигъэуащ. ДиувыкIащ, дабжа нэужь, фочхэр зэдгъэувэкIыжащ. КъэхъунIа хуейтэкъым нобэ, ди пIэ дисын хуэдэт.

Сыхьэтищым деж адъютантыр къытхыхьащ, унафэм къытхуеджэн щхьэкIэ. Фочхэр зыпщIэхэддзэжащ, фочауэхэм губгъуэм зрагуэшащ, абыхэм я ужь диуващ дэри. Дакъикъэ тIощI хуэдиз дэкIауэ, гу лъыттащ урысхэр зэхэзежэ зэрыхъуам - заIэтри быдапIэм дыхьэжащ.

Топхэр ижьырабгъумкIи сэмэгурабгъумкIи щызэхэтщ, ахэр тпэжыжьэщ, дэ дяпэ ищауэ бийм яхоуэ. Бийри теплъэкъукIыркъым - шэр къыттракIутэ. Шевардино быдапIэр Iугъуэм зэщIищтащ щIэх дыдэ.

Урыс топышэхэр тщхьэщолъэтри, ди топгъауэхэм ятолъалъэ, зы топышэ-топышитI хуэдэ къытхэхуэми, щIыр кърауд фIэкIа, дигу хагъэщIыфыркъым.

Бийм дебгъэрыкIуэн хуейуэ унафэ къэсащ. Капитаным и нэр къыстриубыдащ - шэч къысхуищIагъэнщ сыкъэшынауэ. Апхуэдэфэ стеттэкъым сэ, я ужь зыкъизгъэнэн муради сиIэтэкъым - арагъэнщ си пащIэ къыхэжагъащIэм сыщIытеIэбар. Шынэ жыхуаIэр си пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым, сызыщышынэр къэрабгъафэ къызаплъыныpт. Топышэхэр тщхьэщолъэт, ар къысфIэмыIуэхуфэ зытызогъауэ. Нобэрей махуэм си нэгу щIэкIар щысIуэтэжкIэ я фIэщ сымыхъункIэ сышынэрти, арат сигу къеуэр.

Дзэр зэхикIухьурэ ди ротэм къыщысым, полковникым къызжиIащ:

- Зауэ уи щыпэлъагъущ, умыбэлэрыгъ, укъэдзыхэ хъунукъым.

Сэ сыкъыпыгуфIыкIащ, лIыфэ зытезгъауэри. Си Iэщхьэри згъэкъэбзэжащ, гъунэгъу дыдэу къыщехуэха топышэм ятIэ къызиупцIати.

Урысхэм гу лъатагъэнщ я топышэхэр псыхэкIуадэ зэрыхъум - лагъым къыдаутIыпщащ: къуэм дыдэсти, топышэм нэхърэ лагъымыр нэхъ къытлъэIэсынут. Лагъым къутахуэм си пыIэр сщхьэщиудащ, сэ къызбгъэдэт сэлэтри зэшэзэпIэ ищIащ.

- Сынохъуэхъу, - къызжиIащ капитаным, пыIэр къэсщтэжа нэужь. - Нобэ ущIэгузэвэжын щыIэкъым, къэнэкIафIэ ухъуащ.

Си пыIэр зыщхьэрыскъуэжащ, шэр зэ здытехуам деж нэгъуэщI къызэрыщемыхуэхынури сигу къэкIыжащ: ар я нэщэнэщ зауэм хэтхэм.

- Ди жагъуэ-ди щIасэми, ди щхьэр яхуэдгъэщхъын хуей хъуащ, - жысIащ.

Делагъэ жысIарэ пэт, си гъусэхэр нэщхъыфIэ къэхъужащ.

- Сынохъуэхъу, - къыщIигъуащ капитаным, - шэм уIэщIэкIащ, къытригъэзэнукъым, ущIэгузэвэн щыIэкъым, ротэр уи IэмыщIэ къихуэнущ пщыхьэщхьэ. УIэгъэ сыхъуху къэс къызбгъэдэт офицерым и гущхьэр шэм пхисыкI хабзэщ - зэкъым зэрызгъэунэхуар... ГъэщIэгъуэныракъэ, абыхэм я цIэр П. хьэрфкIэ къыщIидзэрт даIимауэ.

Ар си фIэщ мыхъуауэ фэ зытезгъэуащ. Апхуэдэфэ зытригъэуэнт хэти, си пIэ итатэмэ. Зауэ сыщыхэхуар нобэт, итIани къызгурыIуэрт уигу бгъэкIуэд зэрымыхъунур, лIыгъэ зыхэбгъэлъын зэрыхуейр.

Сыхьэт ныкъуэ хуэдэкIэ шэр къыттракIутэри, щIегъуэжа нэхъей, урысхэр сабырыжащ, дэ къуэгъэнапIэм дыкъыкъуэкIри, быдапIэмкIэ дунэтIащ.

Ди полкыр батальонищ хъурт. ЕтIуанэ батальоным быдапIэм и щIыб дыхьэн хуейуэ унафэ хуащIащ; адрей тIур быдапIэм ебгъэрыкIуэн хуейт. Сэ ещанэ батальоным сыхэтт.

ЩIытIым дыкъыдэкIри дежьащ. Бийм шэр къыттрипхъэ щхьэкIэ къытфIэIуэхукъым. Шэр мэфий, къытхэуэр нэуфIыцIщхьэрыуэ хуэдэщи, дыдзыхэркъым, закъуэтIакъуэщ тхаукIыкIыр. Зыгуэр джалэмэ, сызоплъэкI. Си гъусэхэм ауан сыкъащI: «Щхьэ узэплъэкIрэ апхуэдизрэ, жьэкIэ умыплъэ, сакъ». «Сызэригугъауэ щынагъуэкъыми зауэр!» - сегупсысащ сэ.

Лъэхъулъэущ зытщIауэ дожэ быдапIэмкIэ, япэ ищахэм дазэрылъэщIыхьэжынщ дызыхэтыр. Урысхэм я кIий макъ зэхэтхащ: «Ура!» ЩэнейрэкIияш урысхэр, итIанэ щым хъуащ, къытхэуэнри щагъэтащ.

- Сигу ирихьыркъым щым зэрыхъуар, - жиIащ капитаным, - фIы къытхуэдэкIуэнукъым абы.

Ди сэлэтхэр зэрыгъэкIииIуэ къысфIэщIащ сэ - ар сигу ирихьакъым. Урысхэр зэрыщымщ.

БыдапIэм щIэх дыдэ дынэсащ. Бжэгъу яехэр топышэм иращIыкIат, щIыри зэхэвыхьат. Сэлэтхэр быдапIэм тезэрыгуащи, зэрогъэкIий: «Иугъащiэ императорым!» АпхуэдизкIэ зэрогъэкIийри, быдапIэ я щыпэлъагъу къыпфIэщIынт.

Си щхьэр къэсIэтри сыдэплъеящ. Зэи сщыгъупщэжынукъым слъэгъуар. Iугъуэ фIыцIэр уэгум ихьат, быдапIэми щхьэщылът, хэплъагъукI къудейуэ. ЩIытIым къыщхьэпроплъ урыс фочауэхэр. Я фочхэр гъэпкIащ, къыттрагъэпсауэ къытпоплъэ. Лъэбакъуэ зыхыбл нэхъ тпэжыжьэкъым я топыр, абы зы сэлэт бгъэдэтщ, топышэр къытхидзэным зыхуигъэхьэзырауэ.

Сэ сыкъэскIащ, жысIащ сигукIэ: кIэ згъуэта хъунщ. Урысхэр къытхэуэн хьэзырщ - кIэ бгъуэтынумэ, и чэзукъэ...

- Фымыдзыхэ! - кIияш капитаныр.

Абы и макъ афIэкIа зэхэсхыжакъым - ар и иужьрей псалъэт.

БыдапIэм щэтоп макъ къыдэIукIащ. Урысхэм я фочхэр къызэрыттрагъэпсар слъагъури сыгужьеящ - иджы хъунщ кIэ щызгъуэтар. Си нэр суфIыцIащ, топышэ макъыр къыщыIум. ЦIыхур зэрогъэкIий, зэрызохьэ. Си нэр къыщызэтесхыжам, згъэщIэгъуащ - сыпсэу хуэди! БыдапIэр Iугъуэ фIыцIэм щIигъэнэжащ. Си хъуреягъкIэ уIэгъэ хъуамрэ хьэдэхэмрэ щызэтелъщ. Капитаным и хьэдэр спэжыжьэкъым: топышэр къытехуэри, зэпкъриудащ. ЛъызащIэ сыхъуащ сэри. Ди ротэм щыщу къелар сэлэтихрэ сэрэщ.

ЗыкъащIэжа хуэдэщ ди сэлэтхэм, ягу къызэрыгъуэтыжауэ фэ ятетщ. И пыIэр шпагэм фIиIури, полковникыр ежэжьащ, абы и ужь иуващ къелахэр. АдэкIэ зэрыхъуар къысхуэгубзыгъэжыркъым. СощIэж быдапIэм дызэрыдэлъэдар. Iугъуэ фIыцIэм бийр хэтлъагъукIыркъым. СлъэкI къэзгъэнагъэнукъым - си сэшхуэр лъызащIэ хъуат, макъ къыщыIуам: «ДатекIуащ!» Iугъуэр нэхъ тщхьэщыкIа нэужь, быдапIэм щызэтедукIа сэлэтхэм я хьэдэм сыIуплъащ. Топхэм теджэлэжауэ зэхэлъщ бийм и хьэдэ къуаншэхэр. Франджы зауэлIхэм фочыр яузэд, мыжурэхэр ялъэщI. Урыс гъэрхэр къопэзэзэх - пщыкIуз хъурт ахэр.

БыдапIэ куэбжэм деж щылъщ полковникыр, ари лъы защIэщ. Сэлэтхэр къеувэкIащ абы; сэри сабгъэдыхьащ.

- Дэнэ щыIэ капитан нэхъыжьыр? - полковникыр сержантхэм ящыщ зым еупщIащ.

Сержантым и дамэр дригъэуеящ:

- СщIэркъым.

- Лейтенант нэхъыжьыр-щэ?

- Мис дыгъуасэ къытхыхьа офицерыр, - жэуап кърита сержантым.

Полковникыр къысхудэплъеящ.

- АтIэ зиусхьэн, - жиIащ абы, - уэращ иджы унафэр зейр. Шыгухэр Iугъэлъади, быдапIэ куэбжэр гъэбыдэ. Ди бийр лъэщщ иджыри, удэгушыIэ хъунукъым. Генерал Канн къывдэIэпыкъунущ, утыкум фыкъринэнукъым.

- УIэгъэ хьэлъэ ухъуа, полковник? - сыщIэупщIащ.

- Сэ си вагъуэр ижакIэщ, си псэм хуэдэ. БыдапIэр къэтщтащи, аращ си гурыфIыгъуэр!

## Франджы тхакIуэ цIэрыIуэр



*Мериме Проспер (1803 - 1870) франджы тхакIуэ цIэрыIуэщ, абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ хъыбар, новеллэ хьэлэмэт куэд, повесть зыбжанэ. Мериме къызэринэкIащ тхыдэр зи лъабжьэ тхыгъэ купщIафIэхэри.*

*Наполеонрэ урысыдзэмрэ Бородино деж щызэзэуэн ипэIуэкIэ Шевардино быдапIэр 1812 гъэм шыщхьэуIум и 24-м (фокIадэм и 5-м) къаувыхьауэ щытащ франджыхэм. Абдеж щекIуэкIа зауэ гуащIэращ Мериме Проспер зи гугъу ищIыр.*

# Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщегъасэ

**Урысейм и чемпионкэ, дунейпсо щIымахуэ Универсиадэхэу Трентино (Италие) 2013 гъэм щекIуэкIам дыщэ, Алма-Ата (Къэзахъстан) 2017 гъэм щызэхэтам дыщэ, домбеякъ медалхэр къыщызыхьа, ныбжьыщIэхэм я дунейпсо зэпеуэхэм щытекIуа Куклинэ Ларисэ зэхьэзэхуэхэм зыщыхуегъэхьэзыр Iуащхьэмахуэ лъапэ.**

«ЗЫГЪЭСЭНЫГЪЭХЭМ я Iыхьэ нэхъ гугъухэм ящыщт шэрхъ зыщIэгъэпщIа лыжэхэм тету бгым дэкIынри, сыхьэтитI зытекIуэда а Iуэхум Ларисэ хьарзынэу пэлъэщащ», - жиIащ спортсменкэм и щхьэгъусэ икIи и тренер Куклин Михаил, къапэщыт зэпеуэхэм зыхуегъэхьэзырыныр зэрекIуэкIым и гугъу щищIым.

Куклинэм Урысейм биатлонымкIэ и цIыхубз командэ къыхэхам щIымыгъуу, и закъуэу зегъэхьэзыр иджыпстукIэ. Командэм хэтхэм мы зэманым Сочэ къалэм зыщагъасэ. Ларисэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэнущ шыщхьэуIум и 27 пщIондэ.

**ДЖАТОКЪУЭ Марьянэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.).* *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 • Тираж 1.973 • Заказ №1618